ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№60 (24.030) ● 2020 гъэм накъыгъэм (майм) и 23, щэбэт ● Тхьэмахуэм щэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек «Псэ Жыг» фэеплъым удз гъэгъахэр трилъхьащ

Накъыгъэм и 21-м, Кавказ зауэр зэриухрэ илъэси 156-рэ щрикъум ирихьэлІэу, «Псэ Жыг» фэеплъым удз гъэгъахэр тралъхьащ КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек, КъБР-м и Парламентым и Унафэщ Егоровэ Татьянэ, Правительствэм и Унафэщ Мусуков Алий, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Сэхъурокъуэ Хьэутий.

АПХУЭДЭУ, а махуэм фэеплъым деж къыщыІэзхуэсахэм яхэтащ КъБР-м и Іэтащхьэм и Администрацэм и Унафэщ **Къуэдзокъуэ Мухьэмэд**, УФ-м и Къэрал Думэм и депутат **Геккиев Заур**, Налшык къалэ администрацэм и Іэтащхьэ **Ахъуэхъу Таймураз**, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Хьэфыщ Мухьэмэд**, абы и къуэдзэ **Лъхукъуэщауэ Хьэбас**, министерство зэмылІэужьыгъуэхэм я ЛыкІуэхэр, КъБР-м и щыналъхэхэм я Іэтащхьэхэр.

КъБР-м и Муслъымэнхэм я дин Іуэхущ Іапіэм и тхьэмадэ **Дзасэжь Хьэзрэталий** кърихьэлІахэм дыуэ яригъэІащ.

Кавказ зауэм хэкІуэда адыгэхэм я фэеплъ махуэм ди республикэм щыгъуэ-щІэж Іуэхуэхэр сыт щыгъуи куэду щокІуэкІ. Арщхьэкіэ зэфІэува эпидемиологие щытыкІэ хьэпъэм и зэранкІэ мы гъэм апхуэдэхэр щыІакъым, ауэ интернетыр къагъэсэбэпри, щіыху минхэр хэтащ флеш-мобхэм, а гуэзвэгъуэр зэращымыгъупщам и гугъу ящІу.

НАФІЭДЭ Мухьэмэд.

Сурэтхэр **Елъкъан Артур** *трихащ.*

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІуэкІуэ К. В. Нэщіокіыж хьид махуэшхуэм и щІыхькІэ щіыхуэм зэрехъуэхъур

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыпсэу мусЛъымэнхэм сохъуэхъу Рэмэдан мазэр зэриухамкІэ икІи мусЛъымэнхэм я махуэ нэхъ лъапІэ дыдэхэм ящыщ зыр - Нэщіокіыж хьидыр - къыззрысамкІэ!

А махуэшхуэр я дамыгъэщ псэкупсэ фІыгъуэ нэхъыщхьэ дыдэу къалъытэхэу гуапагъэр, гумащІагъэр, захуагъэмрэ щіыхугъэмрэ, гущІэгъэмрэ лъагъунымрэ зи лъабжьэхэм.

Нобэ республикэм и мусЛъымэнхэм хэлъхьэныгъэшхуэ хуащІ щіыхуэм, дин зэмылІэужьыгъуэхэр зезыхьэхэм яку дэлъ зэгурыІуэныгъэр, зэкъуэтыныгъэр, мамырыгъэр, лъэпкъ зэныбжьэгъуГъэр гъэбыдэным.

Уэщыщгуфыкіыніщ Къэбэрдей-Балъкъэрым и мусЛъымэн зэгухьэныгъэхэр, адрей динхэм я лЫкІуэхэм ящыгъуэу, республикэм щекІуэкІ жылагъуэ, щэнхабзэегъуэджэныгъэ Іуэхуэхэм жыджэру зэрыхэтыр. Абыхэм зэфІагъэкІ Іуэхуэхэм мыхьэнэшхуэ яІэщ псапэ щІэным, щіыхуэбэм хьэлэлу яхуэлэжьэным и хабзэхэр хъума хъунымкІэ, абыхэм зегъэужьныкІэ, щІалэгъуалэр хэкупсуэ, адрей лъэпкъхэм щыщхэмрэ абыхэм зэрахьэ динхэмрэ пщІэ хуащІу гъэсэныкІэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым ис псоми си гум къыбгъэдэкІыу сохъуэхъу узынщагъэ быдэ яІэну, мамыру, зэІуэзэпэщу псэуну!

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и грантхэр театр гъуэзджэ Іэнатіэм щытыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и грантхэр театр гъуэзджэ Іэнатіэм щыгъэувыным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым 2011 гъэм жэпуэгъуэм и 7-м къыдигъэкІа Указ №140-УП-м ипкъ иткІэ, театрхэм я лэжьакІуэхэм я творческэ проектхэр дзІыгъын мурадкІэ, 2020 гъэм ирагъэкІуэкІа конкурсхэм кърикІуахэр къэлъытауэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм театр гъуэзджэ Іэнатіэм щигъэува грантхэр етын щэнхабзэм и къэрал кІэзонэ Іуэхущіапіэхэу мы къыкІэлъыкІуэхэм:

«Кулиев Къайсын и цІэр зезыхьэ Балъкъэр къэрал драмэ театрым»;

«Къэрал музыкэ театрым»;

«ЩоджэнцІыкІу Алий и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым»;

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Казбек

Налшык къалэ
2020 гъэм накъыгъэм и 22-м
№57-УГ

● Зыуэ щыт къэрал экзаменхэр

Мэкъуауэгъуэм и 29-м щІадзэну трауху

УФ-м и Президент Путин Владимир накъыгъэм и 21-м иригъэкІуэкІащ Зыуэ щыт къэрал экзаменхэр мы гъэм къыззрызэрагъэпэщыну щыкІэм теуху видеоконференц.

КУРЫТ школхэр къэзыуухэм ирагъэт хабзэ ЕГЭ-р, дызэрыщыгъуазэщи, мы гъэм ягъэІэпхъуэн хуей хъуащ ди къэралым и мызакъуэу, дуней псор мы зэманым зыхэт гугъуехьхэм, коронавирус узыфэм зэрызиубгъуам къыдэкІуахэм, я зэранкІэ. Ялэщыкіэ траухуат ахэр накъыгъэм и 25-м щІадзэу ирагъэкІуэкІыну, ауэ щытыкІэр къалъытэри, а пІалъэр мэкъауэгъуэм и 8-м ядзат. Ауэ къэралым и щыналъэхэм щыІэ щытыкІэр аргуэру зэпалъытыжри, ар нэхъри ягъэІэпхъуэныр нэхъ тэмэму къалъытащ.

Иджы Путин Владимир жиІащ экзаменхэм мэкъуауэгъуэм и 29-м щІадзэну зэрамурадыр.

«Коронавирусым кьит шыпагъуэр нэхъ мащІэ зэрыхъуам тесщІыхьауэ, къызолъытэ Зыуэ щыт къэрал экзаменхэр къэрал псом щегъэкІуэкІын хуейуэ. Абыхэм мэкъуауэгъуэм и 29-м щІадзэнущ», - щыжиІащ къэралым и Президентым егъэджэныгъэ Іэнатіэр зэрыт щытыкІэм теухуауэ щыта зэІущІэм.

Къэрал Унафэщым жиІащ экзаменхэм тэмэму зыхуагъэхьэзырын папщІэ, иджыри къэс къагъэсэбэпа интернет Іэмалхэр я тегъэщІапІэу, ныбжьыщІэхэм курыт еджапІэхэр ядэІэпыкъун зэрыхуейр. Апхуэдэуи Президентым къыхигъэщащ ЕГЭ-р мы гъэм зыгъуэ-хэр курыт школ нэужьым еджапІэ нэхъыщхьэхэм щІэтІысхьэну зи мурадхэм я закъуэу зэрыщытыр.

«ЕГЭ-м кърикІуахэм ябгъ иткІэ Урысейм и еджапІэ нэхъыщхьэхэм ныбжьыщІэхэр щІагъэтІысхьэн щІадзэнущ быщхьэуІу мазэм. А мазэм экзаменхэм ятыж хъунущ сымаджагъэкІэ нэгъуэщІ щхьэусыгъуэ кьыззрымыкІуэ яІэу ар и чэзум зэфІэзымыгъэкІыфахэм. Абы щІалэгъуалэм Іэмал къаритынущ, илъэс яфІэмыкІуэду, еджапІэ нэхъыщхьэхэм мы гъэм и бжьыхьэм щІэтІысхьэу щІэныгъэ зрагъэгъэутыну», - къыхигъэщащ Президентым.

Къэралым щІыхуэм щІэныгъэ егъэгъуэтынымкІэ и министр Кравцов Сергей псалъэ иритри, Путин Владимир щыгъуазэ зиІащ ар зи унафащІ Іэнатіэм и Іуэхур зыІутым.

COVID-19-м епха Іуэхуэхэр щызэфІагъэкІ мы лъэхъэнэм еджакІуэхэм я сэбэн зыхэлъхэр хъумэным гулъытэ хэха зэрыхуащІар, Іэмал зэриІэкІэ дэтхэнэми и хуитыныгъэхэм Іуэхур тещІыхьыным зэрегугъуар жиІащ Кравцовым.

«Накъыгъэм и пэщІэдзэм дэ щыналъэхэм яхуедгъэхьащ къэпщытэныгъэхэм екъэлІа зыхуэфащэ чэнджэщхэр икІи ахэр экзаменхэм зэрыхуэхьэзырыр сыт и лъэныкъуэкІи къэтпщытащ. ЕГЭ-р щатыну щІыпІэхэр къызэгъэпэщауэ щытынущ цІыхум узыфэм зэрызыщихьумэ ІэмэпсымэхэмкІэ. Ныбжьыщ1эхэр аудиториехэм зэрыщІэсынур метррэ ныкъуэкІэ зэпэІэщІэущ», - жиІащ министрым.

Абы апхуэдэуи къыхигъэщащ ныбжьыщІэ нэхъыбэ дыдэм зэуэ ятыну экзаменыр - урысыбзэр - махуитІкІэ ирагъэкІуэкІыну зэрытраухуар, цІыху куэд зэуэ аудиториехэм щІэзэтримыхьэн щхьэкІэ. Экзаменхэм щыщІыхьэкІэ ныбжьыщІэхэми абыхэм я щІэныгъэр къэзыпщытэнухэми я температурэр къапщынущ, зыщІэсыну пэшхэр дезинфекцэ ящІауэ ирагъэхьэлІэнущ.

Министерствэм зэхилъхьащ къэпщытэныгъэхэр зэрекІуэкІыну графикри.

Курыт школхэр къэзыуухэм мэкъуауэгъуэм и 29-м географиемкІэ, литературэмрэ информатикэмкІэ экзаменхэр Іахынущ. Урысыбзэр бадзэуэгъуэм и 2-мрэ и 3-мрэ ятынущ. Бадзэуэгъуэм и 6-м математикэмкІэ, бадзэуэгъуэм и 9-м тхыдэмрэ физикэмкІэ, бадзэуэгъуэм и 13-м обществознаниемрэ химиемкІэ, бадзэуэгъуэм и 16-м биологиемкІэ, апхуэдэу хамэ къэралыбзэхэмкІэ тхыгъэ ятыр, бадзэуэгъуэм и 18-мрэ и 20-мрэ хамэ къэралыбзэхэмкІэ жьэрыІуатэ экзаменхэр екІуэкІыну траухуац. А махуэхэм къэпщытэныгъэхэм ирамыхьэлІэфахэм экзаменхэр иужькІэ щрагъэтыжьину пІалъэхэри яубзыхуац. Абыхэм ятеуху хъыбархэр щыІэзэхуэхэсащ УФ-м ЦІыхуэхэм щІэныгъэ егъэгъуэтынымкІэ и министерствэм и сайтым.

Щіымахуэм ирихьэлІэу Іуащхьэмахуэ лажьэу щаутІыпщынущ кьежэхыпІэщІэр

Дызэрыт илъэсым Іуащхьэмахуэ къыщыІэзэІуахыну я мурадщ бгым лыжэкІэ къыщежэх щІыпІэщІэ, нэхъ гугъуу къалъытэ гъэгъуэхм хуэдэу. Абы метр 3846 къагапІэм къыщыщидзэнущ, метр 1515-рэ и кІыхьагъыу щытынущ.

КъЕЖЭХЫПІЭЩІЭР щІын мы гъэмахуэм и кум щІадзэну я гугъэщ. Абы нэмыщІ, дызыхуэкІуэ лъэхъэнэм Іуащхьэмахуэ щатыну я мурадщ иджыри зы кІапсэ гъуэгу.

Мы зэманым зыгъэпсэхупІэм бгы-лыжэ гъуэгуу километр 15,4-рэ къежэхынухэр куршым дэзыш кІапсэ гъуэгу блырэ щолажьэ.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущіапіэ.

Коронавирус узыфэм зэрызиубгъуам къыхэкІыу ягъэува мардэхэм я зэран нэхъыбэ зэкІауэ КъБР-м и Правительствэм къилъытэ Іэнатіэхэм нэгъуэщІхэри хагъэхьащ.

АПХУЭДЭХЭМ ящыщщ: медицинэ Іэнатіэм щрагъэкІуэкІ лэжьыгъэхэр, автотранспортыр зытхьэщІхэм, спортивнэ хьэпшыпхэр бэджэнду къэзыщтэхэмрэ абыкІэ лизинг Іуэхум хэтхэмрэ, ерыскъыпхъуэ щымытхэр къыщІэзыгъэкІхэр (текстильнэ хьэпшыпхэр, сату щІыпІэхэм щащэну щыгъынхэр, фэмрэ абы къыхэщыкІахэмрэ, хьэфэм, пластмассэм къыхэщыкІахэр, унэльащІэхэр, машинэхэмрэ Іэмэпсымэхэмрэ зэгъэпэщыжыныр).

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Правительствэм мэлыжьыхьым и 29-м къыдигъэкІа унафэ №211-рп-мкІэ къащтауэ щытащ кризисым и удыныр нэхъыбэу зытещІа Іэнатіэхэр. Ялэщыкіэ апхуэдэу къалъытащ автомобилкІэ, къъухьлъатэкІэ щыхуэр къешэкІыным епхахэр, физкультурэ-узынгъэр щрагъэфІакІуэ Іуэхущіапіэхэр, спортыр, туризм хьэрычэтыр, хьащІэщхэр, щіыхуэр щагъашхэ, щІэныгъэ гуэдзэ щрагъэгъуэт, хьэпшыпхэмкІэ сату зыщІ Іуэхущіапіэхэр.

Ягъэува мардэхэм я зэран зэкІахэм апхуэдэу хагъэхьащ конференцэхэр, гъэлъэгъуэныгъэхэр кІыззэзыгъэпэщхэр, щіыхуэм Іуэхутхьбзэ яхуэзыщІэхэр, щэнхабзэ дауэдапщэхэр езыгъэкІуэкІхэр, щіыхуэм я зэпэсэхуэгъуэ зэманыр щагъакІуэ, зыщагъэпсэху щІыпІэхэр, музей-хэмрэ зоопаркэмрэ зыгъэлажьэхэр.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущіапіэ.

Хэщіыныгъэ нэхъыбэ зыгъуэта Іэнатіэхэр

Урысей псом и дежкІэ гугъуу щыт мы лъэхъэнэм зи лэжьыгъэм пызыщэфахэм ящыщщ Май щыналъэм щыІэ «Севкаврентген» ООО-р. Абы и лэжьакІуэхэр я Іэнатіэхэм пэрытщ щіыхум и узыншагъэр узыфэ зэрыщІалэм зэрыщахьумэ мардэ псоми тету. Узыншагъэр хъумэным епха Іуэхущіапіэхэр иджыпсту зэи хуэмыдэжу рентген Іэмэпсымэхэм зэрыхуэныкъуэр къагурыІуэу, я къару емыблэжу я Іэнатіэхэм пэрытщ абы и лэжьакІуэхэр.

Я ЛЭЖЬЫГЪЭР зэтеухуауэ зэрекІуэкІым и фІыгъэкІэ, Іуэхущіапіэм хуэзфІэкІащ къыщІигъэкІ продукцэм хэщыкІыну хигъахъуэн. Псалъэм папщІэ, илъэс кІуам и апэ мазищым абы щэхуэкІуэхэм яхуригъэшам и бжьыгъэ хуэдэ зырэ ныкъуэкІэ нэхъыбэ ищІыбащ. COVID-19 узыфэм щыпэщІат мы лъэхъэнэм мыбы щащІ Іэмэпсымэхэм хуэдэхэм медицинэ Іуэхущіапіэхэр хуабжьу хуэныкъуэщ, щІэупщІэшхуи яІэщ. Абы къыхэкІыу, мазэ кІуам Іуэхущіапіэм и хэхъуэр нэгъабэ и мэлыжьыхьым елъытауэ хуэди 6,6-кІэ хэхъащ.

Іуэхущіапіэм и апхуэдэ ехъулІэныгъэхэм я лъабжьэр Европэ пщалъэхэм изагъэ оборудованэ лъэщхэр зэриІэрщ, рентген аппаратурэ лІэужьыгъуэу къыщІагъэкІым кІуэ пэтми зэрыхагъэхуэфырщ. Псалъэм папщІэ, 2019 гъэм и кІэухым «Росздравнадзор»-м арэзы щытехъуа нэужь, мыбы щызэпкъралъхьэу щІадзащ «Парус» ягъэІэпхъуэ рентген Іэмэпсымэр. Апхуэдэу мы гъэр къызэрихьэрэ тІощІ къыщІагъэкІащ. А Іэмэпсымэ псынщІэм Іэмал кьет зи лъэ зэримыхьэ цІыхум и тхьэмбылым, и бгъэм гъуджэ техныныкІэ икІи ар сымаджэщхэм я хирургие, реанимацэ, травматологие, ортопедие къудамэхэм къыщагъэсэбэп

Ди газетым и къыкІэлъыкІуэ номерыр къыщыдэкІынур накъыгъэм и 27-рщ.

● Хъыбар гуапэ

«Жьынэпсыр» адыгэбзэкІэ къыдокІ

Илъэсищэрэ щэ ныкъуэм щІигъуащ Урыс-Кавказ зауэр зэриухрэ. Абы пІалъэдэрэ хэхэс адыгэхэр хамэ щІыналъэхэм щопсэу, я хэкум пэІэщІэу, я хабзэмрэ я бзэмрэ зэрамыгъэкІуэдым егугъуу.

А ЗЭМАНЫМ къриубыдэу Іэмал куэд къагупсысащ абыхэм, я щІэблэм адыгэбзэр Іуралъхьэн, адэжь щІэинхэр яхъумэжьын папщІэ. Тыркум щыпсэу ди лъэпкъгъуэхэм илъэс 15 хьауэ къыдагъэкІ «Жьынэпс» газетыр, ар мазэ къэс зэ дунейм къытохьэ, напэкІуэцІи 8 - 24-рэ хьууэ зэхагъэувэ, зэрыс къэралым къыщыхъу -къыщыщІэхэр тыркубзэкІэ традзэ, Тыркум щыпсэу кавказ лъэпкъхэм я хъыбархэр абыхэм я бзэкІэ ятх,къыдэкІыгъуэ къэс адыгэбзэкІи зы напэкІуэцІ хэтщ.

Ауэ иджы, илъэсищэм щІигъукІэ яхуэзфІэмыкІауэ, «Жьынэпс» газетыр адыгэбзэкІэ къыдэкІащ. Фигу къэдгъэкІыжынщи, мы гъэм щегъэжьауэ «Жьынэпсыр» къыхьхащ хэкум къыщыдэкІ «Адыгэ псалъэ» (КъБР), «Адыгэ макъ» (Адыгей), «Черкес хэку» (КъШР), «Шапсугия» (Краснодар край) газетхэм зэгъусэу ягъэхьэзыр къыдэкІыгъуэ зэхэтхэм.

Адыгэхэм я щІыгъуэ-щІэж махуэм а газетхэм зэгъусэу къыдагъэкІа номерыр траухуащ лъапсэрыхыр къызыхуагъэкІуа адыгэ лъэпкъым къикІуа гъуэгуанэм, абы и тхыдэм, нобэ и Іуэху зыІутым. Ди газетхэми хуэдэу, «Жьынэпсри» адыгэбзэ къабзэкІэ къыдэкІащ мызыгъэгум, Тыркум и адыгэхэм я хъыбархэмрэ лъэхъэнэ жьыжьэм къыпхаха гукъэкІыжьхэмрэ, хэкужьым иредгъэха тхыгъэхэр напэкІуэцІ 12 хьууэ традзащ. Газетым и цІэри адыгэбзэкІэ тетхащ, щхъуэкІэплъыкІэ дахэщ.

Бзэр щыІэмэ, лъэпкъри щыІэнущ! Дэ аращ дызыхуэлажьэр, аращ хамэ щыпІэхэм щыпсэу ди лъэпкъгъуэхэр къызыхуедджэри, къызыхэтшэри!

НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэ.

* * *

Си лъэпкъым и гуауэр Іэпкъынэм къыхохьэ,
Гъэгъу щІыІэм зеубгъури, си пащхьэм щодий.
Сэ гъыбзэкІэ лъапцІэу уэгу гущІэм сынохьэ,
Уэгу щІыфэр ячатхъэу, псэ минхэр мэкІий.
Толъкъун Іэльащ фІыцІэу тенджызым щыхьейхэм
Къхуэхьжь хьэдэ лъэгу гущэхэм зыкІэлъаубгъу.
Тенджызым хэлъхэухкІэ уэгу щІыпІэм игъейхэр
ИгъащІэкІэ лъэпкъым гуузу дэщІыгъущ.
Тенджызыр мэбампІэ, мэгыз, мэуфІыщІыр,
Мэгубжьри зэм йолъыр, толъкъун зэпещІыкІ.
Лъэпкъ гуауэр щІэмыхуэу си нитІ суфІыщІми,
Тенджызым къиху жьыбгъэм итІани щІесыкІ.
Си лъэпкъым и гуауэр Іэпкъынэм йотІысхьэ,
Си лъэпкъым и гуауэр си бгъэгу щогурым.
Тенджызым и щІыфэм, Іэ дэслъэу, соІусэ,
Къхуэхьжьхэм къызадзыр мыхъужу удын.

ГУГЪУЭТ Заремэ.
21.05.2020 гъэ

Іэ тедзэгъуэр йокІуэкІ

Мэлыжьыхьым и 1-м щІидзауэ йокІуэкІ 2020 гъэм и етІуанэ илъэс ныкъуэм щІыхухэм яІэрыхьэну газетхэм, журналхэм Іэ тедзэныр.

Иджыпсту щыІэ щытыкІэм ипкъ иткІэ, щІыхухэм Іэмал яІэщ пощтхэм мыкІуэу, я унэ щІэсыжу газетхэм Іэ традзэну - Урысейм и Пощтым и сайтым иІэ podpiska.pochta.ru жьыхуиІэмкІэ апхуэдэ Іуэхутхьэбзэр зэфІагъэкІыфынущ, къэралым къыщыдэкІ газет, журнал минитхэм ящыщ дэтхэнэ зыми Іэ трыгагъэдзэнущ. Іуэхутхьэбзэр тэмэму зэтеухуауэ щытщи, дэнэ щІыпІэ щыпсэуми апхуэдэ щІыкІэкІэ Іэ традзэфынущ нэхъ дэзыхьэх къыдэкІыгъуэхэм.

«Адыгэ псалъэр» зыІэрыхьэну хуейхэм хъыбар фыдогъащІэ: мази 6-м ди газетым и уасэр сом 696-рэ кІэпІейкІэ 30-рэщ.

Ди индексыр П 5894

И зэфІэкІым хегъахъуэ

Урысей псом и дежкІэ гугъуу щыт мы лъэхъэнэм зи лэжьыгъэм пызыщэфахэм ящыщщ Май щыналъэм щыІэ «Севкаврентген» ООО-р. Абы и лэжьакІуэхэр я Іэнатіэхэм пэрытщ щіыхум и узыншагъэр узыфэ зэрыщІалэм зэрыщахьумэ мардэ псоми тету. Узыншагъэр хъумэным епха Іуэхущіапіэхэр иджыпсту зэи хуэмыдэжу рентген Іэмэпсымэхэм зэрыхуэныкъуэр къагурыІуэу, я къару емыблэжу я Іэнатіэхэм пэрытщ абы и лэжьакІуэхэр.

Я ЛЭЖЬЫГЪЭР зэтеухуауэ зэрекІуэкІым и фІыгъэкІэ, Іуэхущіапіэм хуэзфІэкІащ къыщІигъэкІ продукцэм хэщыкІыну хигъахъуэн. Псалъэм папщІэ, илъэс кІуам и апэ мазищым абы щэхуэкІуэхэм яхуригъэшам и бжьыгъэ хуэдэ зырэ ныкъуэкІэ нэхъыбэ ищІыбащ. COVID-19 узыфэм щыпэщІат мы лъэхъэнэм мыбы щащІ Іэмэпсымэхэм хуэдэхэм медицинэ Іуэхущіапіэхэр хуабжьу хуэныкъуэщ, щІэупщІэшхуи яІэщ. Абы къыхэкІыу, мазэ кІуам Іуэхущіапіэм и хэхъуэр нэгъабэ и мэлыжьыхьым елъытауэ хуэди 6,6-кІэ хэхъащ.

Іуэхущіапіэм и апхуэдэ ехъулІэныгъэхэм я лъабжьэр Европэ пщалъэхэм изагъэ оборудованэ лъэщхэр зэриІэрщ, рентген аппаратурэ лІэужьыгъуэу къыщІагъэкІым кІуэ пэтми зэрыхагъэхуэфырщ. Псалъэм папщІэ, 2019 гъэм и кІэухым «Росздравнадзор»-м арэзы щытехъуа нэужь, мыбы щызэпкъралъхьэу щІадзащ «Парус» ягъэІэпхъуэ рентген Іэмэпсымэр. Апхуэдэу мы гъэр къызэрихьэрэ тІощІ къыщІагъэкІащ. А Іэмэпсымэ псынщІэм Іэмал кьет зи лъэ зэримыхьэ цІыхум и тхьэмбылым, и бгъэм гъуджэ техныныкІэ икІи ар сымаджэщхэм я хирургие, реанимацэ, травматологие, ортопедие къудамэхэм къыщагъэсэбэп

МЭШБАЩІЭ Исхьэкъ:

Къызыхэкіа лъэпкъым и узыр имыгъэвмэ, и гуфіэгъуэр хуэмыіэтмэ, тхакіуэм ищіэм зыри и уасэкъым

● Дифі догъэлъапіэ

Гуъуф зи цІэм дунейпсо мыхьэнэ иГъэтэ тхакІуэш-хуэм утетхыхьну. Зы тхы-гъэкІэ, дауи, къыпхуэгъэ-лъэгъуэнукъым, зы тхы-цІыку акъылми къитІэщІыфынукъым абы и Іэдакъэщ!экІ куп!ащ!эхэмрэ гупсысэ куухэмрэ, и къежІуэкІы-кІамрэ нобэ ныбжьыкІи, зэфІэкІкІи, зэчийкІи здынэса лъагапІэшхуэмрэ.

УФ-м и Президент Путин Владимиррэ Урысеймрэ Лэжьыгъэмкіэ и Лыхъужь Мэшбащіэ Исхьэкъэр. *Москва, Кремль. 2019 гъэм мэлыжьыхьым и 29-м.*

НАКЪЫГЪЭМ и 28-м и ныбжьыр илъэс 90 ирокъу УФ-м и Тхакіуэхэм я союзым и унафэщІым и къуэдзэ, Адыгэ Республикэм и Тхакіуэхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ, АР-м, КъБР-м, КъШР-м я цІыхубз тхакІуэ, УФ-м и Жылагъуэ палатэм хэт, СНГ-м хыхьэ хэрадзэм я ТхакІуэхэм я дунейпсо зэгухьэныгъэм и Гъэзэщ!акІуэ гупым и унафэщІым и къуэдзэ, УФ-м и Президентым и лІыкІуэу Ипщэ федералъэ щ!ынал!эм щ!ым егъэщ!ылІауэ лажьэ Нэхъыжьхэм я советым хэт, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и Нэхъыжьхэм я советым и тхьэмадэ, Щ!эныгъэхэмкІэ Дунейпсо Адыгэ Академием, Щ!эныгъэхэмкІэ Абхъаз Академием я академик, Кубаным гъэзаджэмкІэ щ!ыхь зи!э и лэжьакІуэ, СССР-мрэ Урысей Федерацэмрэ я Къэрал саугъэтхэм, Шолоховым, Островскым я цІэкІэ щ!ы!э литературэ саугъэтхэм я лауреат, «Хэкум и пащ!ы щ!и!э ф!ы!щ!ым папщІэ» урысей орденым и II, III, IV нагъыщэхэр, «Пушкин зэныбжьэгъугъэ» орденыр, «Адыгеим и Щ!ыхь» медалыр, Абхъаз Республикэм и «Пщ!эмрэ Щ!ыхьымрэ» орденыр, «Кубаным и зыужьынагъэм хуищ!а хэлъхьэнымрэ папщІэ» медалыр, Абхъаз Республикэм и Президенту щ!ыта Ардзинбэ Владислав и лэжьыгъэхэр, ар хьэтхэмкІэ Іэщ!агъэл! нэст. Куэд щ!эзджы!кащ!, зэзгъэзэхуащ! романыр тхын щ!эзмыдзэ щ!ы-кІэ, мыр жэуапл!ыны!эщхуэ пы!ны!у уэбгъэщ!ыхьэн хуей лэжьыгъэт.

Псалъэм къыдэкІуэу жы-пІэмэ, Маккуин Джеймс и «Хетты и их современникиз в Малой Азии» тхы!ным кы!щ!ы!эл!эгъуэжащ пасэрей Азиие Щ!ыкІым (Анатолием) неолит л!ъэхэнэм щ!егъэжьауэ иІа тхыдэрэ щ!энхабзэрэ. Гуп!ытэ нэхьыбэ зы-хуиущ!ыр, дауи, Хьэт хэрал-ыгъуэр щ!ыщ!ы!а л!ъэхэ-нэрэ.

Ихьэжь уепсэл!ы!Іэу уб-гъэдэсыныр, интервью къе-Іыпхьыр журналистым дежкІи, ц!ыху кы!эзэрыгуэкІым дежкІи уасэшхуэ зи!э Іуэхуг!ъуэ. Зыбжанэрэ згъэ-унэхуащ эр, иджыри щхьэ-усыгъэфІ ди!эт, ауэ иджыри-сту щ!ынеІ псом къыщ!екІуэжІ узыфэм и ягъэкІэ Мейкъуэ-пэ дымыкІуэфу, телефонкІэ зыпытщ!эри, и махуэ л!ьапІэ къэблагъэр ди щхьэусы-гъуэу дыдэуэрэшраш.

- Исхьэкъ, уэ уи сабиигъуэ л!ьапІэрэ уогъэ, тхы!ны къыдыбогъэжІ, сыт хуэдэ Іуэхуми, къэхъукъащ!эми, уху!хьэзыіуу упежьэу уи хьэлщ. Уи илъэс 90-м ирилъэІ!эу адыгэ л!ъэпкъым, уи щ!эджыкІакІуэхэм ар-гуэру зы романыщІэ тыгъэ зэрахуэпщ!ым дыщ!ыгъэ-зэщ. Иужьрей нагъыщэрэ мы махуэхэм зыхуэбгъэувэ романым и гугъу уэз-гъэщ!ынут.

- Фэ фызэрыщ!ыгъуэзащ, сэ си Іэдакъэ къыщ!экІа роман 20-м щ!игъэр зытеухуар адыгэм и тхыдэрщ, абы и блэкІарщ, и къежІуэкІы-кІарщ. Иджырей романри аращ - ар хьэтхэм ятеэзухуащ. «Зэман жьыжьэм и джэрпэджэж е Хьэтхэм я пшыхь тІощ!» («Эхо далёкой эры, или Двадцать вечеров среди хаттов») араУэ кы-щ!экІынщ ф!эсщынур. Пэж дыдэу, Замирэ, Іэрытхэр суха къудейщ, дяпэкІэ традзэ-ну аращ. Мы романыр сэ си зы еплъыкІэ. Хьэтхэм ятеухуа лэжьыгъэ куэд щ!ы!эщ, абы тетхыхьащ урысей, хамэ къэрал щ!эныгъэл!, тхы-дэдж куэд. Инджы!ы!эбзэкІэ, нэмыщ!эбзэкІэ куэд дыдэ къыдэкІащ. УрысыбзэкІэ щ!ы!эщ!ы!эм щ!ы!эщ!ы!эм папщІэ» медалым и Адыгэ Республикэм и Президенту щ!ыта Ардзинбэ Владислав и лэжьыгъэхэр, ар хьэтхэмкІэ Іэщ!агъэл! нэст. Куэд щ!эзджы!кащ!, зэзгъэзэхуащ романыр тхын щ!эзмыдзэ щ!ы-кІэ, мыр жэуапл!ыны!эщхуэ пы!ны!у уэбгъэщ!ыхьэн хуей лэжьыгъэт.

Псалъэм къыдэкІуэу жы-пІэмэ, Маккуин Джеймс и «Хетты и их современникиз в Малой Азии» тхы!ным кы!щ!ы!эл!эгъуэжащ пасэрей Азиие Щ!ыкІым (Анатолием) неолит л!ъэхэнэм щ!егъэжьауэ иІа тхыдэрэ щ!энхабзэрэ. Гуп!ытэ нэхьыбэ зы-хуиущ!ыр, дауи, Хьэт хэрал-ыгъуэр щ!ыщ!ы!а л!ъэхэ-нэрэ.

- Уэ уи романым сыт хуэдэ л!ъэхъэнэ къыщ!ыгъэ-л!ъэгъуар?

- Ди эрэм ипэкІэ псэуа ди адэжьхэр къызытепщ!ыкІа хьэтхэрщ сэ зи гугъу щ!ыр. Къапщтэмэ, Хьэт къэралы-гъэр ди эрэм ипэкІэ 12-нэ л!эщ!ы!гъуэм, 1190 гъэм къутэжауэ щ!ытащ. Абы щ!-гъэжьауэ Азие Щ!ыкІыр щ!-Іэжьакъым, ауэ ноби абыхэм я л!ъэужь к!уэдакъым, археологхэм къаГуэт эзпытщ абыхэм я кІапэлъапэхэр.

Тыркуи и къапщ!ащхьэ Анкара километри 140-кІэ пэжьы-жьуи иІэщ Богускуей жери зы къалэ. Мис абы нобэхэм къ!ъпхьуэзыныгъэхэр щ!ра-гъэкІуэкІ, уеблэмэ зэрыкъа-!ыу зэпратІыкІащ. Сэ сыщ!ы-Іащ а къалэм. Ет!ыанэуи тез-гъэзэжащ. Икіи романым иужь сихьэн ипэ куэд къэсс-щ!ащ.

- Апхуэдиз зэманкІэ уэз-Іэбэкіыжу, л!ъэпкъыр къы-зытехуэкІа хьэтхэм я гугъу щ!ыпщ!ыну, абыхэм я щы-фэлІыфэр, псэукІэр, зэхэ-тыкІэр дауэ къэбгъэлъэ-гъуа, Исхьэкъ? Сыт хуэдэ къэІуэтэкІэ игъэлтэг?

- Хьэтхэм ятеухуауэ щ!ы!э романхэм зыкъомкІэ къыщ-хьэщ!окІи си Іэдакъэщ!экІыр. Уи упщ!ым и!эщ!у жэуап ест хъунымэ, дунейм нэхъ л!ъэп-къыжь дыдэу тет адыгэм и тхыдэр зы унагъуэм и къе-кІуэкІыкІакІэ къэзгъэлъэ-гъуауэ жы!пІэ хъунущ. Зэ-къуэшхэм я гъащ!э, дунеи тетыкІэ къэзгъэсэбэ!пи, ди эрэм ипэкІэ псэуа адыгэхэм сатетхыхьащ. ИКІи л!ъэхъэнэ зыбжанэ къызэщ!ИуфыбдэУ жы!пІэ хъунущ, сыт щхьэкІэ жы!пІэмэ, хъыбарыр 30 гъэхэм я бжь къэс.

- Дапщэщ дэ дыщеджэ-фы!ну, щ!эх дунеим кы!-техьэну тхы!ы!эр?

- Гуэнэкъым. Гъэмахуэм къыдэкІынущ романыр.

- Анэдэлъхубзэм и мыхьэ-нэр къыгурыІуэу дунейм зы цІыку тетмэ, уэ уетІуа-нэщ. Уи Іэдакъэщ!экІ псо-ри адыгэбзэкІэ бо!трри, итІанэ зрысыгъэбзэкІэ, хьэ-рыпыбзэкІэ, инджылызыбз-эзэкІэ, нэгъуэщІ бзэ куэдкІи эзрадзэкІ. Хьэтхэм ятеу-хуари уи анэдэлъхубзэ хъунщ зэрыпт!хар?

- Щ!эх хэмылъу. Сэ абы зэи сытекІакъым. Мы романым сызделэжьым занщІэу урысыбзэкІэ зэрезгъэдзэкІащ. Адыгэбзэри урысыбзэри зэрызэгъэзэкІащ, зэгъуэзу зэрызэгъэ-кІынущ.

- Иджыри зы хъыба-рыфІкІэ къыпысщэну сы-хуеит ди псалъэмакъым. Ари уи илъэс 90-р зыІэт зы Іуэхущ. Уи Іэдакъэ къы-щ!экІа «Аиссе» роман те-лъыджэм кино къызэрыт-ращ!ыкІым и хъыбар къыт-Іэрыхьащ. Ди газетым и щ!эджыкІакІуэхэри щыд-гъэгъуэзащ. Дэнэ нэса фильмым и Іуэхур?

- Нэхъ пасэм дызэрызэ-гурыІуам тету «Орел и разукурс» кинокомпаниер фильмым и ужь ихьащ. Урысей Федерацэм ГъазджжэкэмкІэ щ!ыхь зи!э и Іэдакъэщ!экІ, кинорежиссёр щ!эрыІуэ Муратов Александрщ тезыхьр, сценарийр зытхар Сафинэ Маринэщ. Нобэкіэ кастингхэр екІуэкІри, акт!ёрхэр щ!ы-Іэрыхьащ, ди газетым и щ!эджыкІакІуэхэри щыд-гъэгъуэзащ. Дэнэ нэса фильмым и Іуэхур?

- Нэхъ пасэм дызэрызэ-гурыІуам тету «Орел и разукурс» кинокомпаниер фильмым и ужь ихьащ. Урысей Федерацэм ГъазджжэкэмкІэ щ!ыхь зи!э и Іэдакъэщ!экІ, кинорежиссёр щ!эрыІуэ Муратов Александрщ тезыхьр, сценарийр зытхар Сафинэ Маринэщ. Нобэкіэ кастингхэр екІуэкІри, акт!ёрхэр щ!ы-Іэрыхьащ, ди газетым и щ!эджыкІакІуэхэри щыд-гъэгъуэзащ. Дэнэ нэса фильмым и Іуэхур?

- Ди лъэпкъым гъэзвэгъуэ кУэдИ и нэгу щІэкІащ. Ауэ щ!ыхьуКІи, тхыдэм сыщ!ы-хуепІ!эжькІэ, сэ си сэр зыгуэрым хуэзгъэдэлъэну зки ящ!ь ситакъым, зыри згъэкъуэнщэркъым адыгэм къыщ! щ!амкІэ. Си гугъэщ дэфтэрхэм кхахэсхыкІэ пэжыр хуэдожвественэ теплъэ иІэу я пащ!ьэ зэрислъхьэр къагурыІуэ.

Дауэ мы!хъуми, мамырыгъэ ди зэхуаку дэпЛу ды-зэдэпсэун хуейщ. Дэтхэнэ л!ъэпкъми езым и щхьэ къурикІуа хьэзаб иІэжщ. Дэри ди л!ъахэм ды!къыщ!ытІ-хьэм зыгуэри дэткъуэза-гъэнщ. Ди щхьэщІыгу ит ды-гъэр илъэс мин бжьыгъэ л!ьандэрэ и хуабэмкІэ гуашэу апхуэдэщ, л!ъэпкъ зэхэгъэж имыщ!ы. Апхуэдабзэщ щІыхур псы !убыгъуэ хуэ-зымыгъаІІэ псы!эрыщэ-хэри, гъавз къызытрах щ!ы берычэтри. Апхуэдэ гупсысэщ си тхыдэ романхэм щ!ыпхьщар. Уи л!ъэпкъым и узыфэхэмрэ и гурыфІыгъуэ-хэмрэ ямыщІэмэ, уи дыгъэ-сэмрэ нобэмрэ зумыгъэп-щэфмэ, тхакІуэ, л!ъжьакІуэ, политик е цІыху зэпІэзэрыт къыпхэкІыну?

Сэ сызыуейр зыщ - адыгэм и тхыдэ пэжымрэ и щэнхабзэ къ!елІмрэ къы-дэкІуэтей щ!эблэм ящ!ымы-ГъупщэнырщІ. ИкІи абы те-тхуауэ си щІэджыкІакІуэхэм я гупсысэхэр къыщ!ысхуа-Іуатэм деж си гуапэ мэхъу.

Дэ псори дыз!экъуэшщ - дыдэдыгщ. Сэ сфІэфІкъым щІэ зэмыхьакІуэ зи пъэп-къэгъуэхэм седжэну, Къэбэр-дей-Балъкъэрым щ!ипсэу-хэм щхьэкІэ «къэбэрдейхэр» жыслъэрщхьем, е Къэрэшей-Шэрджэсым щ!ипсэуэхэм «шэрджэскІэ» седжэрщхьем. Псори дыадыгъу аращ, щхьэж хуэзфІэкІымкІэ, къы-хиха Іэщ!агъэмкІэ ди л!ъэп-къыр зэредгъэфІэкІуэным иужь дивгъэт.

- Исхьэкъ, ил!ъэситху ипэкІэ интервью къыщ!ы!ыс-къым жы!Іат: «Ил!ъэ 70-м нэсауэ литературэ губгъуэм ситщи, зы сатыр щ!ымэхтха зы махуи блэкІакъым». Абы иджыри ил!ъэситху хэлъхьэжи... Уе-зымыгъэ!эзэщыр сыт? Дэнэ къ!ипхрэ уи творчествэм тебгъэкІуадэ къарур?

- Сэ дыкъэзыгъэщІа Тхьэшхэм ф!ы!щІэ хуэзощІ тхакІуэ зэчийр къыызрызгъ-ёзэдил!ъхьам папщІэ. Сы-зэзрытхэфым си гур хегъа-хъуэ, си псалъэкІэ си ц!ын-къыр, си хэкур, ц!ыхугъэр зэрыс!эт!ыфым ф!ы!ны!ф!эщ. Ауэ, пэжщ, литературэ лэжьыгъэр ар творческэ гурыфІыгъуэм и закъуэ-къым, ат!э гугъуехьышхуэщ. Хьэтхъуэ Ахьмэд зэрыжи!эу щ!ытам хуэдэу, узыхуей псалъэ а дакъикъэм къэбгъуэ-тыныр гугъущ - мастэкІэ псы-къуий къэпт!ыным хуэдэщ.

Ц!ыхухэр тхакІуэм и ц!э-ры!уагъэм, и щ!ыхьым йохъуапсэ. Ауэ абыхэм ящ-щІу щ!ащІэ дыдэщ тхакІуэр зэрыщхьэзакъуэр зыщІэр. ТхакІуэр сыт щ!ы!ыр и за-къуэу къыбГэдонэ тхы-л!ымпІэ напэ хужьым. Абы нэхъ ГъунэгъУ дыдэу иІэ ц!ыхури сэбэп къыхъуэхъу-фынукъым а зыхуэныкъуэ псалъэр кыигупсысынымкІэ, и Пагуф щІэ образыр и кІэм нигъэсынымкІэ, сюжет гъэ-щІэгъуэн итхынымкІэ. Ягъэ-гушхуэфынущ, чэнджэщ ират!ыфынущ, ауэ и тхы-л!ымпІэ напэр из ящ!ыфы-нукъым.

Сэ нэхъыфІу сыщ!ынэ-жьафыр, си творческэ къаГуэ къыщ!ызгъэсэбэп!ыфыр пщ!эдджьыкъ!эрщ, нэхуЛъэ къыщ!ызэкІэщ!итхъым дежщ. Жьыуэ къэтэджам Тхьэр къыхуэупсэ жьыуаІэр пэжщ.

Іэщ!эдджьыкъ къэс гурыфІы!уэ сиІэу сипэрэтІыс-хьэ сыщ!ытхэ Іэнэм. Щ!ы-уэпсыр къыщ!ыуш, мурад нэхъ ин дыдэр къыщ!а-гупсыс, гупсысэмрэ хъарумрэ щ!ы!эуІу эзманщ пщэд-джьжьыпІэр. Абдежым къа-ру гъэри бгъэкІуэдыж - сыщ!ыхъуркъым, дыгГуаСэ къыпхуэмыгГуэта псалъэхэр нобэ езыр-езыру тхы!ны-пІэм тогъуалъхьэ...

- Исхьэкъ, уи илъэс 90-м ирихьэлІэу, зы романрэ зы фильмрэ тыгъэ зэрахуэп-щ!ащ. Ауэ а том куэду зэхэт уи тхы!ль дахэхэм хуэдэ мы гъэм къыдэбгъэкІыну уи мурадкъэ?

- Щэч хэмылъу. Тхыгъэ инэхэм къадэкІуэу, усэхэр стхыну софІэфІщ. Псом хуэмыдэу сатыриплІ хуэ усэхэр сигу дохьэ, сигу щ!ыщІэр къры-зоІуэтэф. Мис апхуэдэ усэ кІэщІ ц!ыкІухэр зэрыт томитІ къыдэкІынущ. КъищІынымщІауэ, а уфІэфІу жьыхуэпІэ, том куэду зэхэтхэм хуэдэу, сатыриплІ хуэ усэхэр сигу дохьэ, сигу щ!ыщІэр къры-зоІуэтэф. Мис апхуэдэ усэ кІэщІ ц!ыкІухэр зэрыт томитІ къыдэкІынущ. КъищІынымщІауэ, а уфІэфІу жьыхуэпІэ, том куэду зэхэтхэм зэрыгъэ-щІащ. Ауэ а том куэду зэхэт уи тхы!ль дахэхэм хуэдэ мы гъэм къыдэбгъэкІыну уи мурадкъэ?

- Щэч хэмылъу. Тхыгъэ инэхэм къадэкІуэу, усэхэр стхыну софІэфІщ. Псом хуэмыдэу сатыриплІ хуэ усэхэр сигу дохьэ, сигу щ!ыщІэр къры-зоІуэтэф. Мис апхуэдэ усэ кІэщІ ц!ыкІухэр зэрыт томитІ къыдэкІынущ. КъищІынымщІауэ, а уфІэфІу жьыхуэпІэ, том куэду зэхэтхэм зэрыгъэ-щІащ. Ауэ а том куэду зэхэт уи тхы!ль дахэхэм хуэдэ мы гъэм къыдэбгъэкІыну уи мурадкъэ?

- Тхьэм ухуущІигъэхьэ. Исхьэкъ. ХуабжьэхьыбарыфІэхэмкІэ ухъыдэзгъэщащ, уи псалъэ Іущхэр зэхэдгъэхащ. Жану, нэжэгужэу, гуащІафІэу урихьэлІащ уи илъэс 90-м. А щ!ытыкІэм хэмыщІу, уэынщагъэ быдэ уиІэрэ, уи къалэмыр уи Іэпэгъуу иджыри куэдрэ ди ипэ Тхьэм уригъэт.

Епсэлъар

НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэщ,

Адыгэ Республикэм щ!ыхь зи!э и журналист.

Мы махуэхэм

Накъыгъэм и 23, *щ!эбэт*

♦Шы!ьэгум и дунейпсо махуэщ. А псэущхьэхэм я бжьыгъэр дунейм мащІэ зэрыщ!ыхьуар, ахэр хъумэным хуэгъэза Іуэхугъэ ик!эщ!ыпІэкІэ къызэрэпэщ!ын зэрыхуейр я тегъэщ!апІэу, а махуэр США-м щ!агъэуВауэ щ!ытащ 2000 гъэм.

♦Азербайджаным щ!агъэлъапІэ экологиемрэ щ!ы!эпс хъуГуэфІы!гъуэхэр хъумэнымкІэ І!энат!эм и лэжьакІуэхэм я махуэр

♦Таджикистаным и щІалэгъуалэм я махуэщ

♦1769 гъэм франджы инженер Куньо Николэ зы сыхьэтым километр 5 зыкІу ипэ автомашинэр зэпкърилъхьауэ щ!ытащ.

♦1879 гъэм урыс тхакІуэ щ!эрыІуэ Тургенев Иван «Оксфорд университетым щ!ыхь зи!э и доктор» щІэр къыфІащащ. Дуней псор къащ!тэжи, тхакІуэхэм я!щ!ыщу аращ а щІэр ипэ дыдэу зыгъэ!эфэщащ.

♦1801 гъэм инджылыз инженер Тревитик Ричард бахъэкІэ зекІуэ автомобиль къигупсысащ. Абы зы сыхьэтым километр 14,5-рэ ик!уфыр.

♦1904 гъэм Венэ (Австрие) къыщ!эзІуа-хащ алпыдж-урым бэнэкІэмкІэ ипэ дунейпсо чемпионатыр.

♦1949 гъэм ФРГ-м и Конституцэр (Закон нэхъыщхьэр) къащтащ. Апхуэдэ щ!ыкІэкІэ хэІущ!ыу я!щ!ащ Германие Федеративнэ республикэ къызэрыпэхуар.

♦Швецием щ!ыщ щ!эныгъэл! щ!ы!эрэ, а къэралым щ!эныгъэхэмкІэ и академием и ипэ президенту щ!ыта, къэкІыгъэр, псэущхьэхэр класс-классурэ ипэу зэхэзыгъэщхьэхуукІэ **Линней Карл** къызэрэльхъуэ илъэс 313-рэ ирокъу.

♦Совет кинорежиссёр щІэрыІуэ, СССР-м и щ!ыхьэ артист, Хэку зауэшхуэм хахуэу зэрыхэтам и дамыгъэ куэд зыхуэгъэфэщащ **Чухрай Григорий** къызэрэльхъуэ илъэс 99-рэ ирокъу.

♦Шахматист щІэрыІуэ, дуней псом и чемпион, СССР-м спортымкІэ щ!ыхь зи!э и мастер, УФ-м и Къэрал Думэм и депутату щ!ыта **Карпов Анатолий** и ныбжьыр илъэс 69-рэ ирокъу.

♦Адыгэ хьэрычэтыщІэ щІэрыІуэ, «Шиферник» ОАО-м (Краснодар) и генеральнэ директор **Сагуэ Хьид** и ныбжьыр илъэс 65-рэ ирокъу.

♦Урысей актрисэ, телеэнтыжкэр езыгъэ-кІуэкІ, УФ-м щ!ыхь зи!э и артистка **Гузеевэ Ларисэ** и ныбжьыр илъэс 61-рэ ирокъу.

Дунейм и щ!ытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэрытымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІуэ щ!ыщ!ытынущ, пІалъэ-пІалъэкІэрэ уэшх къыщ!ешхынущ. Хуабэр махуэм гРадуси 9 - 10, жэщым гРадуси 8 - 9 щ!ыхьэнущ.

Накъыгъэм и 24, *тхьэмахуэ*

♦Славян тхыбзэмрэ щэнхабзэмрэ я махуэщ. УФ-м и мызакъуэу, ар щ!агъэлъапІэ славян лъэпкъхэр щ!ыпсэу къэралхэми.

♦Парк хэм я европэпсо махуэщ

♦Европэм щ!агъэлъапІэ зэгъунэгъуэм я махуэр

♦1844 гъэм телеграф ІэмалкІэ ипэ хъ!барыр зэбгригъэхащ США-м щ!ыщ Морзэ Сэмюэл. Вашингтон иригъэхри абы телеграммэ иГъэхьат Балтимор къалэм.

♦1900 гъэм «Аврора» кхъухьэр Санкт-Петербург деж псым ипэу щ!ытыкІащ. Абы метри 127-рэ и кІыхьагъэ, метр 16,8-рэ и бГъагъэт. Крейсерыр псым щ!ытрауТ!ыпщ-хьэм кърихьэлІат Урысейм и пащтыхь Николай ЕтІуанэр.

♦1925 гъэм дунейм къытехащ «Комсомольская правда» газетым и ипэ номерыр.

♦1932 гъэм Ленинградрэ Москварэ яку дэлъ узгу гъуэгуанэм техьащ пощтым и хьэлъэкІэр зэрыгъэлъэгъуэ кхъухьлатэжащ.

♦1956 гъэм Луганэ (Швейцарие) ипэу щ!ызэхэтащ зэрэрджьІалКІуэхэм я «Евровидение» дунейпсо зэпеуэр.

♦2003 гъэм Москва и Ут!ыку Пл!ыхьым ипэ дыдэу концерт щитащ «Битт!з» гуп щІэрыІуэм хэта Маккартни Пол. Абы и творчествэм дихьэхъэм ящ!ыщу щ!ыху мин 25-м нэблагъэ игъэгуфІащ а щ!ыхьэщхьэм. Концертым епл!ъахэм яхэтащ УФ-м и Президент Путин Владимир.

♦2008 гъэм Урысейр щ!ытекІуащ узрэрджьІалКІуэхэм я «Евровидение» дунейпсо зэпеуэу Сербием и къалащхьэ Белград щ!ыкІуекІам. Ди къэралым и тхыдэм ипхуэдэ къызэрыщ!ыхъар а зэрщ, ар зыхуэзфІэкІари ди л!ьахэгъу, ЫсрАИл и щ!ыхьэ артист Билан Димэщ.

♦Урыс тхакІуэщхуэ, Нобель, Ленин саугъэтхэм я лауреат, СССР-м и Къэрал саугъэтыр зыхуагъэфэща, Социалист Лэжьыгъэм т!энейрэ и Л!ыхъужь **Шолохов Михаил** къызэрэльхъуэ илъэси 115-рэ ирокъу.

♦Совет Союзым и Л!ыхъужь **Иуан Хьэсэн** къызэрэльхъуэ илъэси 102-рэ ирокъу.

♦Тыркуи щ!ыпсэу адыгэхэм ящ!ыщ спортсмен, 1948 гъэм екІуэкІа Олимп Джэгуэхэм бэнэкІэ хуитымкІэ чемпион щ!ыхьэ **Бильге Газанфер** къызэрэльхъуэ илъэс 94-рэ ирокъу.

♦Урыс усакІуэ, Нобель и саугъэтыр зрата **Бродэцкий Иосиф** къызэрэльхъуэ илъэс 80 ирокъу.

♦Щ!эрджэс усакІуэ, тхакІуэ **Анзор Мухьэмэд** и ныбжьыр илъэс 80 ирокъу.

Дунейм и щ!ытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэрытымкІэ, Налшык уфаеу щ!ыщ!ытынущ. Хуабэр махуэм гРадус 13 - 14, жэщым гРадуси 10 - 11 щ!ыхьэнущ.

Накъыгъэм и 25, *бл!ыщхьэ*

♦ЯфІэкІуэда сабийхэм я дунейпсо махуэщ

♦УФ-м щагъэлъапІэ Филологым и махуэр

♦Африкэм и махуэщ. Африкэ зэкъуэтынигъэм и зэгухьэныгъэр щ!ыщІэзэрагъэпэща махуэщ (1963 гъэм).

♦Иордание Хъэшимит Пащтыхьыгъуэм и лъэпкъ махуэшхуэщ - и щхьэхуитыныгъэм и махуэщ. 1946 гъэм къэралыр къыщІэкІащ Инджылызым и унафэм.

♦Нэгъуэщ!эхэм я унафэм щ!ят щ!ынал!эхэм щ!ыпсэу л!ъэпкъхэм я зэкъуэтынигъэм и махуэщ

♦Инджылызым щагъэлъапІэ гъатхэм и махуэр

♦США-м щ!ыщ зауэлІэу зи къалэн зыгъэзащІэу хэкІуэдахэм я фэеплъ махуэщ

♦1705 гъэм Пётр Езанэм унафэ къыдыгъэкІащ Москва и уэрамхэр мывэкІэ къыщ!ыкІыным техуауэ.

♦1757 гъэм къызэІуахащ а зэманым СССР-м щ!ынэхъ ин дыдэу щ!ыта «Украина» хъэщІэщ!ыр.

♦1987 гъэм «Сыбыр» мылкъуэ атом кхъухьэр Полюс Ищхъэрэм нэсащ.

♦Югославием и унафэщІу ильэс 35-кІэ щ!ыта **Иосип Броз Титэ** къызэрэльхъуэ илъэси 128-рэ ирокъу.

♦Адыгэхэм я тхыдэр зыджа осетин щІэныгъэлІ, тхыдэ щІэныгъэхэм я доктор, профессор **Гарданов Батрэз** къызэрэльхъуэ илъэси 112-рэ ирокъу.

♦Социалист Л!ыхъужь и Л!ыхъужь, КъБАССР-м щ!ыхь зи!э и егъэджакІуэ **Къамбий Мухьэб** и ныбжьыр илъэс 97-рэ ирокъу.

♦Юстицэмкіэ къэрал чэнджэщэгъу, жылагъуэ лэжьакІуэ **Ансокъуэ Мухьэрбий** къызэрэльхъуэ илъэс 98-рэ ирокъу.

♦Совет космонавт, Совет Союзым т!энейрэ и Л!ыхъужь **Гречкэ Георгий** къызэрэльхъуэ илъэс 89-рэ ирокъу.

♦Къэрэшей-Шэрджэсым и ц!ыхубз усакІуэ **Тут Михаил** и ныбжьыр илъэс 88-рэ ирокъу.

♦ТхакІуэ, журналист, КъБР-м щэнхабзэмкІэ щ!ыхь зи!э и лэжьакІуэ **Тхьэмокъуэ Баэрсбий** къызэрэльхъуэ илъэс 80 ирокъу.

♦Молдавием и президенту щ!ыта **Воронин Владимир** и ныбжьыр илъэс 79-рэ ирокъу.

♦Урысей актёр щІэрыІуэ **Даль Олег** къызэрэльхъуэ илъэс 79-рэ ирокъу.

♦Актёр щІэрыІуэ, РСФСР-м и ц!ыхубэ артист, СССР-м и Къэрал саугъэтыр т!энейрэ зыхуагъэфэща **Калягин Александр** и ныбжьыр илъэс 78-рэ ирокъу.

♦Парт, къэрал лэжьакІуэ, республикэм и Парламентым и Унафэщ!ым и къуэдзэу щ!ыта, КъБР-м и Къэрал чэнджэщэгъу, УФ-м щ!ыхь зи!э и ухуакІуэ **Бозий Натбий** и ныбжьыр илъэс 70 ирокъу.

♦Техникэ щІэныгъэхэм я доктор, профессор, Урысейм транспортымкІэ и академием и действительнэ член **ЗекІуэрей Асльэн** и ныбжьыр илъэс 67-рэ ирокъу.

♦Урысей зэрэджьІалКІуэ, актрисэ, УФ-м щ!ыхь зи!э и артистка **Орбакайте Кристинэ** и ныбжьыр илъэс 49-рэ ирокъу.

Дунейм и щ!ытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэрытымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІуэ щ!ыщ!ытынущ, пІалъэ-пІалъэкІэрэ уэшх къыщ!ешхынущ. Хуабэр махуэм гРадус 15 - 17, жэщым гРадус 11 - 12 щ!ыхьэнущ.

Накъыгъэм и 26, *гъубж*

♦Химикым и дунейпсо махуэщ

♦Урысей хъэрычэтыщІэм и махуэщ

♦Тыркуэмрэ щагъэлъапІэ я алэрыбгъум и махуэр

♦Курджым и л!ъэпкъ махуэшхуэ нэхъыщ-хьэщ - щ!ыхьэуитныгъэм и махуэщ

♦Польшэм щагъэлъапІэ Анэм и махуэр

♦Украинэм и къалащхьэ Киев и махуэщ

♦1896 гъэм Урысейм и пащтыхь тажыр щхьэрэтІэгъащ Николай ЕтІуанэм - и ужьрей урысей императорым.

♦1918 гъэм Кавказ Щ!ыб Федерацэр зэхэІащ Курджы, Армение, Азербайджан республикэ щхьэхуитхэу.

♦1928 гъэм ФИФА-м и зэІущІэм унафэ къыщащтащ илъэсиплІ къэс зэ футболкІэ щІэ дунейпсо зэпеуэ егъэкІуэкІыным техуауэ.

♦1938 гъэм ягъэтІылъащ автомобиль зыщІ «Фольсваген» концерн щІэрыІуэм и л!ъабжэр.

♦1942 гъэм Іэ градзащ совет-инджылыз дзэ зэгурыІуэныгъэм.

♦1945 гъэм СССР-м унафэ къыщащтащ и промышленностыр мамыр псэукІэм зэрыт!ахуухэжыну щ!ыкІэр щ!ыубзыхуауэ.

♦1947 гъэм ц!ыхум и хьэкумыр къэралым укІэ щащІыну зэрыхуимытым техуа унафэ СССР-м къыщащтащ. 1950 гъэм а унафэр яку!ужащ щ!ытащ.

♦1991 гъэм Гамсахурдие Звиад Курджы Республикэм и ипэ президенту хахащ.

♦1995 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр къэралмэкъумэш академиер (КъБКъМА-р) къызэІуахащ. Иджы ар Къэбэрдей-Балъкъэр къэралмэкъумэш университетщ.

♦Археолог, тхыдэ щІэныгъэхэм я доктор, профессор, Лениным и цІэр зезыхьэу щ!ыта саугъэтым и лауреат, КъБАССР-м щІэныгъэмкІэ щ!ыхь зи!э и лэжьакІуэ **Крупнов Евгений** къызэрэльхъуэ илъэс 116-рэ ирокъу.

♦Филологие щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м, и профессор **Щэрдан Іэбу** къызэрэльхъуэ илъэс 92-рэ ирокъу.

♦Урысей зэрэджьІалКІуэ, УФ-м щ!ыхь зи!э и артисткэ **Варум Анжеликэ** (и цІэ дыдэр Мариещ) и ныбжьыр илъэс 51-рэ ирокъу.

Дунейм и щ!ытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэрытымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІуэ щ!ыщ!ытынущ. Хуабэр махуэм гРадус 20 - 22-рэ, жэщым гРадус 13 - 14 щ!ыхьэнущ.

Зыгъэхьэзырар

ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.

Налшык - Мэз-щакІуэ хозяйствэ гъуэгур зэрагъэпэщ!ыж

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щ!ипащэ «ІІагъ л!ьагэ зи!э автомобиль гъуэгу щынагъуэнщэхэр» л!ъэпкъ проектыр гъэзэщІэным. Абы хьыхьэу мы зэманым зэфІагъэкІ лэжьыгъэхэм ящ!ыщ «Налшык - Мэз-щакІуэ хозяйствэ» автомобиль гъуэгур зэгъэпэщ!ыжныр.

ЗЭРАУБЗЫХУАМ тету, и л!ъэныкъуэкІи зыхуей хуагъэзэжынуц Бел!ая Речкэ кхуаужм и узрам нэхъ

Лъэпкъыл нэс Къардэн Башир Мэхьмуд и къуэр 100

Сталинград деж къыщахьа текIуэныгъэр илъэс 50 щрикъум. *24.01.1993 гъэ*

Ныбжьэгъу лъапIэ

ЩIэблэр гъэсэным, Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу лъэпкъэм я щэнхабзэм зегъэужьыным и гъащIэ пор щыхэзыхь хуищIащ Къардэн Башир. Абы иригъэджащ гъащIэм лъэ быдэкIэ хэуба, ехъулIэныгъэфIхэр зыIэрызыгъэхьа цIыхухэр, ауэ абыхэми Башир и ныбжьэгъуу щыта дэри мащIэщ тщIар и фэеплъыр дгъэлъэпIэн папщIэ.

... 1952 гъэм и щыщхьэуIу мазэущ сэ Къардэныр къыщысцIыхуар. Ленинград университетыр щыхуиплим къэдухри республикэм къэдгъэзэжат, арщхьакIэ зыри къытпежьакъым, лэжьыгъэ къытхуагъэлъэгъуакъым. Апхуэдэ дыдэ щытыкIэм иуват Тбилиси университетыр къэзыухахэри. Ди щхьэ Iуэху зетхуэжу лэжьыгъэ Iэнатlэ къэтптыхьхьэн хуей хьуат. Сэ сыбгъэдыхьащ си Iыхьлы тхакIуэ Теунэ Хьчим. Аращ радиокомитетым и тхьэмадэм и деж сызыгъэкIуар.

Абы и пэщ щIыкIэм сыщыщIыхьам илъэс щэщI хьуну щIалэ зэкIуж, гуапэу къыхсхуэгуфIэу, къыхсIущIащ. СигъэтIысри къыжьжIащ Тбилиси къикIыжа щIалэ дыгъуасэ редактору къыззрищтар, сэ зэдзэкIакIуэ лэжьыгъэ фIэкIа къыззрысхуимыгъэлъэгъуэфынур. НэгъуэщI хэкIыпIэ сиIэтэкъыми, занщIэу абы арэзы сытехьащ, а махуэ дыдэми лэжьапIэ сыкъыззрищтэмкIэ тхьапIыкIэм Iэ щIидзащ.

Сэ си унафэм сыщIэтыр си редакторыат, летучкэхэм дэ дыхэтэкъым, абы къыхэжIыу Къардэным сыщыхуэзэр зззэмызэхэт. Аущ зы тхьэмахуэ нахь сымыIэжьауэ гу лъыстащ абы и лъакъуэ лъэныкъуэр хуэму зэрытригъэувэм. Си гъуэсэм сыщеупщIым къызжIащ Сталинград и деж щекIуэкIа зауэ гуащIэм уIэгъэ хьапIэ щыхъуауэ, и лъакъуэ лъэныкъуэри хилъхьауэ зэрыщытар. Башир зэрыбэшэчым и щыхьэтт и пхъэ лъакъуэмкIэ баш щIыпсу къызэрикIухьыр (ар зэрымытыншым шэч хэлъэтэкъым).

Къардэн Башир и зыIыгъыкIмкIэ, и псэлъэкIмкIэ, и Iуэху зекъыкIэмкIэ гурыIуэгъуэ пщыхьэрт абы гъэсэныгъэ дахэ зэрыхэлъыр, а и цIыху щыкIэр зауэми испыхьжауэ лIы зэпIэзэрытт. И лэжьакIуэ псоми къызэрыгъэкIыу, гуапэу яхуцIыт, и макъыми зэи зригъэIэтIэгъэкъым, ящыныкъуэ унафэщIхэм зэрахабзэу, зыгуэрхэр къыхигъэщхьахуэкIыртэкъым, псом нэхъри нэхъыщхьэу сэ къэслыытэраци, сыт щыгъуэ пэжым и телъхьэт.

Зэгуэрым си редакторымрэ сэ дыдэ зэхуакум джэду фIыцIэ дэжащ. Зы пэшым дыщIэс пэтми, зызигъэщIэжыну мурад ищIащ абы икIи ТАСС-м и тхыгъэ, хьэршым теухуауэ, зэздзэкIыну къызитащ. Хьэрэмыгъэ лъэпкъ сигу къэмыкIыр ар адыгэбзэм къизгъэзэгъащ гугъу дыдэ сыдэкъуэр, псалъэ куэди зэрыщIытым хуэдизкIэ зэзгъэзащ. Ар и тегъэщIапIэу летучкэм утыку къыщIихьащ си лэжьыгъэр, нэгъэсауэ адыгэбзэр зэрызмышIэр къызэхуэсахэм абыкIэ хьэкъ ящищIыну. ЗэIуцIэр здекIуэжьым бащар щIэупщIащ зззмыдзэкIыу къызгъэна псалъэхэм. Зэрызэхихыу къыщIащ ахэр адыгэбзэкIэ зэрыщымыIэр (ижькIэ гу зэрыпытастакIэ, Къардэным фIы дыдэу анэдгъэльэгъэр ищIэрт), редакторми елъэIуащ хуэзридзэкIыну. Жэуап тэмэм щызэхимыхьам, абы къыгурыIуащ Iуэхур зыIутыр. ИкIи пиухыкIащ: а псалъэхэр адыгэбзэкIэ щыщымыIэкIэ «лъэпкъ фащэ ящытIэгъуэ» къэгъэнэн хуейуэ араща, «хъарбыз», «къэбыстэ» псалъэхэр ди нэхъыжьхэм къагъэсэбэпын зэрыщIадзауэ щытам тету. Къуаншагъэм гу лъитэу Башир захуагъэм и лъэныкъуэ зэрыхуэр и щыхьэтт ар зэрыщIыху пэжым, хьэлэлым.

Къардэн Башир гупым хэт псоми яхуэгупщIанэт. Нэхъыжьхэм ящIэж а зэманыр хьэлъэу зэрыщытар: улахуэр мащIэт, цIыхухэр зыхуэныкъуэ хьэпшыпхэр я ныбжьэгъухэмрэ цIыхугъэхэмрэ я деж къыщалъхьуэу фIэкIа хуиту бгъэтыртэкъым. Абы щыгъуэ ди унафэщIымрэ профоргымрэ бзэор уасэм нэхъри нэхъ пуду къытхуралъэшауэ щытащ машинэ из хъарбызрэ кIэртIофрэ.

А илъэсхэм радиокомитетым щылажьэрт пшынауэ цIэрыIуэ TIэш ЛакIушкэ. Зи закъуэ, зи нэхэм ямыльагъу бзылъхьагъэр радиом пэмыжьижьауэ псэурт. Абы лэжьаIэпIэм къызэрыкъэлэжьыр къыгурыIуэрти, и лэжьакIуэхэм ящыщ зым и пщэ дилъхьауэ щытащ ар къишэну икIи ишэжьну. Ар псапэтэкъэ-тIэ!

Аспирантурэр нэужьым кандидат диссертацэр тхыным сыпэрытащ, къыкIэлъыкIуэри егъэджэныгъэ лэжьыгъэм зэману хъуар сIихащ. Башир университетыр лэжьапIэ хуэхъуа иужьщ ди зэныбжьэгъугъэм щыщIидзэжар. Дызэрызэмыныбжьми емыльытауэ дызэгурыIуэрт, дызэрыльытэрт, ди псэр зы чысэм илъщ жьыхуIэм хуэдэт.

Ар декан хъуным илъэс щыкIэ зыбжанэ хъуауэ сэ сылажьэрт а факультетым и тхьэмадэм срикъуэдзэу. ЖыIэнурамэ, къудамэр инт, егъэджакIуэхэри студентхэри куэдт. Сэ си нэIэ егъэджэныгъэ Iуэхум тету, Башир къызэгъэпэщныгъэ лэжьыгъэхэмрэ хуэныгъэр зыхуей-зыхуэфIэхэмрэ кIэлъыплъу илъэс зыбжанэкIэ Iуэху зэдэтщIащ.

А илъэсхэм махуэ къэс жьыхуаIэм хуэдэу зэIущIэхэр ректоратым иригъэкIуэкIырт. Корпус нэхъыщхьэм пэжьжьэт ди факультетыр - иджыпсту медицинэ факультетыр здэщыIэрат ди хэщIапIэр. Затишьем къикIыу ди деж автобус къакIуэр-тэкъым, апхуэдизрэ и протезымкIэ къикIухьыфыртэкъыми, абы и пIэкIэ сыкIуэрт. ИтIанэ машинэ псынщIэ щыкIу хэщIахуат, гъэфIэгъыбзэу «Антилопа-гну»- зыфIэтщIар. Факультетым и адыгэ къудамэм щеджэхэм къызэрагъэпэщауэ ягъэхьэзырырт «Хасэ» блын газетыр. Абы и редактор, журналист щIалэ, карикатурщик Iэзэ IутIыж Борис а машинэр къищу деканми егъэджакIуэхэми я гушыIэ суратхэр телъыджэу ищIырт, ауэ ар зыми я жагъуэ хъуртэкъым.

УнафэщIым гулъытэ хэха хуищIырт факультетым и къабзагъэм. Мазэм и кIэм актовэ пэшри, аудиториехэри, щIыхьэпIэри, бжэIупэри чэщейщыкъуу иригъэтэкъабзэрт.

Зы Iуэху сигу къокIыж. Гъэ еджэгъуэм и пэщIэдзэу дэ унафэ къытхуащIащ. Проходнэ районым студентхэр тшэну. Башир тригъэчыныхьащ щыпсэунымрэ ящIэну лэжьыгъэр зыхуэдэмрэ япэщIыкIэ зэхэдгъэкIыну. Сытми дежьащ «Антилопа-гну»-мкIэ. Май районымрэ Аруанымрэ я зэпыльпыIэм и деж дыщIрихьэлIащ хъарбыз зэрыз машинэщхуэр щхьэпрадзауэ. Башир къэувыIащ, «дэIэпыкъуэгъу хуэныкъуэми тщIэрыкъым» жиIэри. Машинэр хъурейуэ къэзыхьыхь щIалэщIитIыр пхъашэу къыдэпсэлъащ, «зэран фыкъытхуэмыхьу» жаIэри. Хэту дакъыщыхьуами сщIэртэкъым абыхэм... Куэдрэ зыкъыхуэмыщIэжу щымэ иужь, Башир жиIащ: «ЩIэблэр тэмэму дгъэсэркъым уэрэ сэрэ, ныбжьэгъу ЗкIэкIащ. Я псэлъэкIэмкIэ нэрылъагъуу ахэр зэрыадыгэр, ауэ еплъыт нэхъыжьым зэрепсалъэм... ГущIыхьэщ ар».

Соевхэым дызэрыпсэу унафэщIыр къэдгъуэтащ. Студентхэр щыпсэуну, щышхэну пэшхэр къэтплъыхьащ. ИтIанэ унафэщIым хьэмым дишащ. Абы щытплъэгъуэр хъэдыгъэдахэт. Сатыр зыбжанэу щылъ нартыхум Iугъуейр къыхихурт. Мэкъумэш Iэнатlэм и лэжьакIуэм апхуэдэ щыгъуэ щIыщIакIам Башир щыщIэупщIэм, тхьэмадэм къыжриIащ нартыху ныкъуэхъур Iуимыихьэну партым и райкомым зэримыдар, районым планыр зэригъэзэщIамкIэ партым и обкомым хьыбар иригъэщIэн щхьакIэ. Апхуэдэ Iуэху мыхъумыщIэ Iэджэ ялэжьыр а зэманым. Гъавэм и зэхэдитIыр нэхъ мыхъуми Iэмал имыIэу къэгъэлъэн хуейт. Зы махуэ дэкIмэ студентхэр къэтшэну дызэгурыIуэри дыкъежьэжащ. Ауэ дэ зы щыгъуэгъ ин тIэщIэкIат: Iэлъэ къыздащтэну яжетIатэкъым щIалэхэм. Нартыху кIэчанхэр апхуэдизкIэ пщтырти, щызэхадзым я Iэкэм хъыдан е бинт хъэшэкIын хуей хьурт...

Нобэми сигу илъщ университетым щекIуэкI нарт собранэм Къардэн Башир къызэрыщыпсэлъауэ щытар. Репрессием и гугъу пщIыну зэрыщынагъуэми къигъэувIакъым ар, псалъэ щIэлъэIуэ, къэтэджри, жиIащ пщы зытралъхьу ягъэтIысахэр къэутIыпщыжьи, лIахэр зэрымыкъэншар хIуIущIыу щIын зэрыхуейр, щIыхубэм лей ирахыну зыри зэрыхуимытыр. Башир и хахуагъэр коммунист зыкъомыр зыпэмыплъат.

И унагъуэр - и щхьэгъусэмрэ и бынищымрэ - я закъуэтэкъым абы фIыуэ ильагъур. Iыхьлырэ благъэу иIэм и гур яхуэмыгъуэт, дэтхэнэми зэрыхуэзэфIэкIкIэ дзэпэныкъуэт.

Щапхъэ зытепхыну уасэ зимыIэ цIыхут Къардэныр. Ар къызэрыгуэкIыу, зэпIэзэрыту, гуапэу зэрыщытым удихьэхыр. Иджыпстуи си нэгум щIэтщ а лIы лъагъуэ гуаофIэр - гъащIэр фIыуэ зыльлагъу, цIыхугъэшхуэ зыхэлъ си ныбжьэгъужьыр.

ХЬЭКIУАЩЭ Андрей, *филологие щIэныгъэхэм я доктор, профессор.*

Къардэн унэцIэр зезыхьэ лъэпкъыр адыгэхэм я дежь щынэхъ ин дыдэу жаIэ. Абыхэм къахэкIащ Совет Союзым и Лыхъужь зыбжанэ, яIэщ Олимп чемпиони, дуней псом щыщIэрыIуэ художникии, министрхэри, тхакIуэ Iэзэхэри, щIэныгъэ зэхуэныдэхэмкIэ доктор-хэри. Ахэр щопсэу Къэбэрдеймии, КъШР-ми, Адыгеймии, хамэ къэралхэми.

МЫ МАХУЭХЭМ Iэтауэ агъэлъапIэ Хэку зауэшхуэр зэриухрэ илъэс 75-рэ зэрырикъур. А ТекIуэныгъэ Иным яхуэфащэ Iыхь халъхьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым, куэд хэкIуащ, ныкъуэдыкъуэ щыхъуауэ фронтым.

Къардэн Башир нобэ Iэджэми ягу къагъэкIыжьынущ псалъэ гуапэкIэ. Абы псом япэ фIыщIэ хуэфащэщ Хэку зауэшхуэм лIыгъэ хэлъу зэрыхэтам папщIэ. Псоми ящIэ Сталинград и Iэгуэблагъэм щекIуэкIа зауэр нэхъ гуащIэ дыдэу зэрыщытар, псэзэпыльэну зэрекIуэкIар. Абы и деж Къардэн Башир 1942 гъэм щэкIуэгъуэм и 14-м уIэгъэ хьэлъэ щыхъуащ, и лъакъуэр къигъэнащ фронтым (а махуэм екIуэкIа зэхэуэшхуэм и гугъу къыхучищIыжати, згъэщIэгъуат - а махуэ дыдэм, абдеж си адэр щыхэкIуэдащ, ауэ Башир ар ицIыхуу щытакъым).

Фэбжьыхуэ иIэу фронтым къыхэжIыжьами, Къардэн Башир илъэс куэдкIэ лэжьащ, екъулIэныгъэ иIэу пэрытащ къуликъу зыбжанэм: Къэбэрдей-Балъкъэрым и радиокомитетым и унафэщIу, КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министру, КъБКъУ-м и тхыдэ-филологие факультетым и деканУ. Иужьрей лэжьапIэр - университетыр - нэхъ гугъу дыдэу къэпытапхъэщ. Сэ сыщеджэм деканУ щы зэрахъуэкIащ, абыхэм ящыща Къардэн Башир студентхэм фIыуэ ильагъуу щытащ. А зэманым диа унафэщIхэри егъэджакIуэхэри студентхэм гукIи псэкIи тпэгъунэгъурт.

Шэч хэмылъу, ахэращ зи фIыщIэр 60-80 гъэхэм а факультетым щеджа студентхэм тхакIуэ Iэзэхэр, щIэныгъэлI щIэрыIуэхэр, журналист зэрызэджэхэр къаззрыкIар (Iутlыж Борис, Гъут Iэдэм, Хьэфыщ1э Мухьэмэд, Ацкъан Руслан, Бищ1о Борис, Джэрыджэ Арсен, Гъэунэ Борис, Тlымыжь Хьэмыщ1э, Мыкъуэжь Анатолэ, Мыкъуэжь Iэрыкъуэ).

Къардэн Борис егъэджакIуэ, гъэсакIуэ хъарзынэу щытащ. Пэжщ, абы зэрыригъэджэжу щыта политэкономиери, нэгъэсащ1 зыбжанэм я зэман куэди къаруушхуи зытрагъэкIуэда КПСС-м и тхыдэри, щIэныгъэ коммунизмри «псыхэкIуадэ» хъуад. Абыхэм ятеухуауэ щIэныгъэ лэжьыгъэу, къэхутэныгъэу ящIахэми уасэ щIагъуэ яIэжкъым. Совет зэманым къэралым щытепщэн зы парт закъуэрт, абы и унафэм коммунистхэри партым хэмытхэриебэкъуэну хуиттэкъым. Партым и унафэкIэ лэжьапIэ ягъэувырт е трагъэкIырт. Ярыныкъуэхэм я къуликъур куэдрэ яхъуэжьын хуей хьурт, щIэныгъэлIхэм абы и зэран екIырт. Къардэн Башир Жылагъуэ щIэныгъэхэмкIэ академие кьиухат, къулыкъу зыбжанэ ирамыгъэхъуэжамэ, щIэныгъэ гъэкIуэн нэхъыбэ ихьыну екIыщIэкIынт.

Декан къулыкъур егъэджакIуэм и къэхутэныгъэ лэжьыгъэм кIэрызыгъэхъущ. Сэ декану сыщыщытам МГУ-м щекIуэкIа дунейпсо щIэныгъэ конференцым сыкъыщыпсэлъауэ, журналист цIэрыIуэ, декану куэдрэ лэжьа Засурский Ясен, Мичиган штатым (США) и университетым и деканыр, сэ къэралым и телевидениэм интервьюитIуэ дыщыст кофе драгьафэу. Засурскэр къыззупщIащ (сэ сынэхъ щIалэт, абыхэм сыкъащIыхуртэкъым): «Ижь илъэсхэм сыт птха, сыт къытребгъдза?» - жиIэри. «Кафедрэм и унафэщIу сыщыщытам тхылъ зыгIупрэ статья зыбжанэрэ стхащ, ауэ декан сызэрыхъурэ лъэIу тхылъхэм кIащIатхэ «Не возражаю» псалъэхэрщ, мазэ къэс стхьжьыр, - жысIэу жэуап щестым тIури дыхьэшхащ. Къардэн Башири щыдеканым зыкъомкIэ зэман игъуэтакъым щIэныгъэм хуэлэжьэну.

Къардэным и екъулIэныгъэхэм ялэ зэпIущIэхьащ ар министру щыщытам зэфIихха Iуэхуцхуэхэр. Нэхъыжьхэм ящIэж Къэбэрдейр Урысеймэ и дамэгъу зэрыхъурэ илъэс 400 зэрырикъур 1957 гъэм Москваи адыгэхэр щыпсэу республикэхэми Iэтауэ, хъуэпсэгъуэу зэрыщагъэльэпIар. Кавказ Ищхьэрэм и лъэпкъхэм апхуэдэ щIыхьрэ щIэлъысауэ си гугъэхьэм. Адыгэхэм я щэнхабзэр лъагэу щагъэльэгъуауэ щIалэгъуалэм я дунейпсо фестивалу Москва убгъуауэ щекIуэкIами. А псор къызэрыгъэпэщахэм жьыджэру яхэтащ Къардэн Башир. Абы и Iусащ куржы (грузин) композитор щIэрыIуэ Вано Мурадели (ар щIигъуу Башир къызэхикIыхьащ адыгэ хуэажьэхэр - уэрэдхэр, макъамэхэр зэхуэхьэсащ), Москва къикIа балетмейстер, къэфакIуэ, СССР-м и Къэрал саугъэтыр зратА, Тетяр иным и солист Корень Сергей (ар дэIэпыкъуэ ансамблым, иужькIэ Баширрэ Сергей Григорьевичрэ илъэс куэдкIэ зэнэныбжьэгъу щыпкъэу щытахэщ). Къэбэрдей драмэ театрми хъарзынэу зыкъыщигъэлъэгъуащ Москва. Абы и репертуарми и псалъэ хилъхьащ Къардэн Башир. Мэлбахъуэ Тимборэ къыхилъхьат Толстойм и пьесэ Грозным теуухуар ди театрым игъэувыну, ауэ Башир абы арэзы техъуакъым, ар Iуэхум кьемызэгъыщIэу кьилъытэри. Тимборэ жиIэр думыIыгъын щхьакIэ лIыгъэшхуэ пхэлъын хуейт. Абы и фIыщIэкIэ Москва яшащ икIи театр зыбжанэм щагъэлъэгъуащ Шортэн Аскэрбий и «ИгъащIэкIэ» пьесэм къытращIыкIа спектаклыр. «Кабардинка» ансамблыр фестивалым и лауреат зэрыхъуами, ди артист куэдым цIэ лъапIэхэр къызэрыфащами хэлыфIыхьащ Къардэн Башир. Москва щекIуэкIа а махуэшхуэхэм иужькIэ ди композиторхэр Балэ Мухьэдинрэ Къардэн Хьэсэнрэ ятха маршхэр хьыхащ Кремлым и оркестрым и репертуарым.

Министру щыщытам Къардэным гулъытэ ин хуищIыр къуажэхэм, районхэм гъуэзджэм зыщегъэужьыным. И кьарури, и ерыщагъри, Москваи республикэми щиIэ цIыхугъэхэри къигъэсэбэпуря а зэманым Щэнхабзэм и унэ Iэджэ щаухуащ районхэм, къуажэхэм. Абы и жэрдэми хэлъщ Марие и фэеплъ скульптурэ комплекс гъуэзэджэр зэращIами.

Сыт хуэдэ къулыкъу имыIыгъами, Къардэн Башир хьэлэлу хуэлэжьащ адыгэ лъэпкъым, республикэм. Ар сыт щыгъуи пэжым и телъхьэт. Лыгъэ къыщигъэлъэгъуар фронтым и закъуэкъым. УнафэщIхэр щымызахуэм деж, куэдым ещхьу, зиущхуу щыстэкъым ар.

Апхуэдэ IуэхуэмкIэ ткIийуэ щытами, Къардэн Башир цIыху гумащIэт, адыгэ хабзэм ебакъуэртэкъым, и Iыхьлыхэм, и благъэхэм я гур ихьуэрт, ядэIэпыкъурт, псом хуэмыдэу защIигъакъуэрт сымаджэхэм, гуфIэгъуэ зиIэхэм я Iуэхур ядиIэтырт. Сэри къыслъысащ абы и гулъытэ: си юбилейм Карачаевск нэс накIуэри сигъэгушхуащ, сигъэлъэпIащ. Адыгэлl щыпкъэт Башир. И унэр цIыху кIуапIэт, и Iэнэшхуэм пэрысу игъэхьащIэрт кьалэм дэс, кьуажэм къикIа и благъэхэр, Iыхьлыхэр, ныбжьэгъуэр. Езы Башири удихьэхыу игъэзащIэрт нэхъыжь кьалэныр, гуапэу псалъэрт, хабзэм фIы дыдэу хищIыкIырт, и гушыIэкIэр дахэт. Апхуэдэу ди гум фIыкIэ кьинащ а цIыху гъуэзэджэр, хэкум, адыгэ лъэпкъым псэемыблэжу яхуэлажьар.

БАКIУЕ Хъанджарий, *филологие щIэныгъэхэм я доктор, профессор.*

Си ЕгъэджакIуэ

Псоми фIы дыдэу къыдгуроIуэ дыкъэзыпхъуа ди адэ-ан я щIыхуэзышхэ зэрыттелъыр. Си гуГъэмкIэ, апхуэдэуи дэ я щIыхуэ ттелъщ цIыху нэс дыхъуныи, гъащIэм лъэ быдэкIэ дыхэзывэным мащIэкуэдми зыгуэр хэзылъхьа дэтхэнэми. Си гугъу сщIыр щIэныгъэ къыдэзыта ди егъэджакIуэхэм, зи тхыгъэхэм дыкъыщIэхъуакIа тхакIуэ гъуэзэджэхэм, си сурэтхэм дыдаухъэ художникхэм, зи роль гукъинэжхэм дыдэпIьея артистхэм, гупсысакIуэшхуэхэм я закъуэкъым, атIэ дерскIэ мыхъуу, зи щапхъэкIэ дызпсыпхьа нэхъыжьыфIхэрщ. Дэтхэнэ зы цIыхуэри я гъащIэ гъуэгум щрихьэлIащ апхуэдэ, ауэ мащIэщ къытхэкIар ахэр псэуху хуэфащэ гулъытэрэ псалъэ гуапэрэ гъэпсэуэ.

Къардэн Башир Мэхьмуд и къуэр апхуэдэущ сэри, 60 гъэхэм КъБКъУ-м и тхыдэ-филологие факультетым и студенту щыта си ныбжьэгъуэми къызэрытхущытар. Дызэреджа илъэситхуми ар декану щыташ. Зыпэрыт Iэнатlэр лэжьыгъэ къудейтэкъым абы и деджIэ, атIэ ар ди адэ етIуанэми ярейт. Мыр псалъэ гъущ къудейкъым: а илъэсхэм Кавказ Ищхьэрэм вузитI иту арат - Дагъыстэнымрэ дыдейм. Арати, нэгъэщI щIыпIэхэм къикIа, мазэ-мазитIым зэ фIэкIа унэм мыкIуэжьхэр щеджэрт. Студентхэр зэщIыгугъыр стипендие тIэкIуат. Ар щыжьыкIэраци, егъэджэныгъэр къызэрэпэщыным нэмыщI псэунигъэм ехьэлIа Iуэху къиинхэри щыIэт. Мис а псор зэфIэхьыныр я пщэ дэлът деканым, абы и къуэдзэм, жьылагъуэ дэIэпыкъуэгъуэхэм. Къардэн Башир хуэфIэкIат егъэджэныгъэм къыдэкIуэу, студентхэм я махуэ къэс ГъащIэри зэтригъэувэн, факультетым щеджэжэр зы унагъэшхуэм хуэдэу зэриШэлIэн. Дэ дызэрыцIыху къудейтэкъым, зым адрейм и Iуэху зыIутыр фIыуэ тщIэрт. Сэ куэдрэ къыскухиуащ сессие нэужьым стипендиер зратынухэм, общежитием и пэшхэр зыпльысынухэм, нэгъуэщIхэм унафэ тезыщIыжь комиссэм сыхэтыну. Мызэ-мытIуэ сэ хьэкъ сщIыхуащ дэтхэнэ студентми и гъащIэм дэр нэхъри нэхъыфIу Башир зэрыхищIыкIыр. Зыхуей-зыхуэфIыр ищIэ къудейтэкъым, абыхэм зэрызащIигъэкъуэн псалъэ гуапэхэри къэтгурэтыр, чэнджащ щхьэпэхэр яритырт, я еджэнигъэм, жылагъуэ Iуэхухэм, псэунигъэм ехьэлIауэ хуэфIэкI псомкIи ядэпэныкъурт.

Дэ щIэх-щIэхыуэ хьэщIэ лъапIэхэр къытхуеблагъэрт - тхакIуэхэр, усакIуэхэр, музыкантхэр, ди факультетыр зэман зэхуэмыдэхэм къэзыухахэр, кIэщIу жьыпIэмэ - цIыху гъэщIагъуэнхэр. Ар зи фIыщIэр Баширт, щэнхабзэмкIэ министру, иужькIэ КъБР-м и радиокомитетым и тхьэмадэу зэрылажьам и фIыгъэкIэ цIыхугъэ и куэдти, ахэр къригъэблагъэрт. Уеблэмэ, Москва, Тбилиси, Ленинград, Ростов къалэхэм къикIа хьэщIэхэр къыщыхтуиша къэхъуащ абы. Ди деканым и жэрдэмкIэ зэхуэхьэсауэ утыкум бжьыфIэу и самодеятельнэ гупхэм яГъэдахэрт апхуэдэ пшыхьэхэр. Кубаужь пхыдзахэм щыщ щIалэгъуалэм я деджIэ псынэпс кьабзэм хуэдэт апхуэдэ зэIущIэхэр, лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэм я щэнхабзэм щыгъуазэ хъунымкIэ зэкIыпIэфIт. Сыт-тIэ абы тыншыжьауэ зэлъыр, жалэнкIи мэхъу. ГъащIэгъуэныр къыззрыгуэкI къуажэдзэ хъыджэбзэхэмрэ щIалэхэмрэ лъэпкъ интеллигенцэм и куроых - егъэджакIуэхэр, журналистхэр, щIэныгъэ лэжьакIуэхэр, тхакIуэхэр - къззрыхьэкIырщ, абы щыгъуэми я пщэ дэлъ кьалэм мытыншыр кьагурыIуэрэ абы хуэпэжу. А илъэсхэм студенту щытахэм егъэджакIуэфIхэр, Кавказми къэрал псоми къыщащIыху тхакIуэхэмрэ усакIуэхэмрэ, щIэныгъэм и докторхэмрэ профессорхэмрэ къызэрыщIыкIар зи фIыгъэр Къардэнымрэ абы и дэIэпыкъуэгъуэхэмрэ зэпыу имыIэу ирагъэкIуэкIа лэжьыгъэрщ, дэтхэнэми гъащIэм ди гъуэгу щIихэтшынымкIэ щIэгъэкъуэн къызэрытхуэхъуахэрщ.

И цIыху щIыкIэкIэ псалъэлэтэкъым Башир, кIий-гуо хэльтэкъым. Абы щыгъуэми и дэтхэнэ псалъэри гущIэм кIуэцIыкIырт. Упэрыуэ хьурт: къодэIуэфырт ар икIи уридыныну зэи хэттэкъым. Уедэуэнэр гугъат, сыту жыпIэмэ зыхуэIэр апхуэдизу зэгъэкIуаУэ, хьэкъ пщыхьэу зэкIэлIыхьырти, апхуэдэ Iэмал къуитырэткъым. Унафэ ищIутэкъым къызэропсалъэр, псы щхэум хуэдэт, ауэ и гупсысэр куут икIи лъэщт.

Студент гъащIэр, псоми зэрыгIущIэщи, щIалэгъуалэм я лъы къэпльыгъуэм и зэманщ. Дэри къытхэтт къыгуГъэ къэзыIэтхэр, псынщIэхэр. ГъащIэгъуэныщIэу абыхэми бзэ кьахуигъэутыфырт Башир, псалъэмакъри ди факультетым адэкIэ мыкIуэу къызэтригъэувыIэфырт. Нобэр къызэрыщIэсыр къызгурыIуэркъым абы и макъ щабэмкIэ цIыху Iэубыдыпlэнщэр, ерыщыр къигъэIурыщIэфу зэрыщытар.

Зи гупкIэ исым и уэрэд жьызIэхэм ящыщтэкъым Башир. И къуэш нэхъыжь, Дзэ Гllыжьым и офицер Къардэн Iэмин 1937 гъэм пцIы тралъхьэу яуклахэм ящыщт. Къардэнэр щIэст партым и зэIущIэшхуэ гуэр. Абы псэлъапIэр хуит къыщыхуащIым жиIащ лажьэ зимыIэу яГъэкIуэдахэр щауэежжкIэ, абыхэм я псэр зыгъэнахэр Гъэкъуэншэн зэрыхуейр. Езы Башир а Iуэхум и гугъу зэи ищIыртэкъым, ауэ, цIыху щхьэхуэм и цIэ къриIуаУи жаIэж. Къардэн Iэмини абы хуэдэ нэгъуэщI куэдми я псэр гъэныным теуху унафэхэм зи Iэ щIэлъаэхэм ящыщ парт лэжьакIуэ хэст президиумым...

Абдежым щегъэжьауэ лъакъуэпэщIадз къыхуащIын щIадзащ Башир, къулыкъуми къытрагъэкIри, республикэм и гъащIэми къыхадзыну пылъащ. АрщхьэкIэ абы къыхуэсэбэпащ щыхуэ зэныгъэ зэуэ нэужьым, зэманыр зэрыхьэлъэм емылъытауэ, кандидат диссертацэр пхигъэкIауэ зэрыщытар. ЩIэныгъэ-егъэджэныгъэ Iэнатlэм пэрыувэри, фIыщIэрэ щIыхьэрэ пылъу а кьалэм мытыншыр зрихьэкIащ.

Лей къызытехьа цIыхур е ткIий хъууэ, е абы ткIиягъэм и бий къищIыкIыу жаIэ. ЕтIуанэр къызэрыхуэр нэхъ мащIэрэщ, ауэ, ди гуапэ зэрыхьунщи, апхуэдэхэми ударохьлIэ. А насыпым хуэдэмкIэ Тхьэр зыхуэупсэжи ящIыщт Къардэн Башир. Студентхэм ди деджIэ ар цIыхугъэ лъагэм, интеллигентыгъэм, псэ хьэлэлым и щапхъэ нэст. Гулъытэ хэха зэи кьилъыхуэрэткъым ди унафэщIым, куэдым зэрахьэлу, фIыуэ ильагъу кьыхихгъэщхьэхуКIыртэкъым, и кьалэныр пыпльхьэни пыпхъэни щымыIэу тэмэму игъэзащIэу арат. Ар лIыгъэкъэ-тIэ!

Идджыри зы Iуэхугъуэм сыкъытемыувыIэн сльэкIынукъым. Си адэшхуэм и адэ Гъут Иналыкъуэрэ Башир и адэшхуэмрэ зэгъэнагъут. Абыхэм я пщIантIэхэр зэрызэпрыкуукIар бжьыхт, зыхуей хуэгъэзэгъуэ къэси бжэ цIыкIу хуащIу. УэрамымкIэ зэкIэлъыкIуэну хуейтэкъым ахэр, зы пщIантIэм удэкIмэ адрейм удыхьэу, зы унагъуэм хуэдэу зэдэпсэумэ нэхъ къащIэрт. Апхуэдэ дзыхь зи зэхуаку дэлъыр, апхуэдэ зэхущытыкIэ зиIэр зэкъуэшхэрт е зэIыхьлы унагъуэхэрт. Жанурэ Иналыкъуэрэ я къуэрылъхуэкIэ, Баширрэ си адэмрэ, абыхэм я къуэшхэр зы унагъуэм хуэдэу зэхэсу къэхъуащ. Аращи, жьыкъэ къыщежьэ зэпыщIэныгъэ яхуэдиIэщ Къардэн Iьапкъым, ди адэхэм, адэшхуэхэм, абыхэм я адэжхэм я фэеплъыр дгъэлъапIэнуи ди пщэ къыдохуэ.

Сэ Башир сыхуэзарэзыщ сыщыцIыдетым ткIийуэ къызэрыхуущытам цхьэкIэ, чэнджащ къызэгурыIуэ, и щапхъэкIэ сызэрригъэIуцамкIэ. Апхуэдэ дыдэу сыхущытыжьну схуэзфIэкIакъым икIи слъэкIынутэкъым. Ауэ, ди хабзэ дахэр схъумэу, цIыху гъэщIэгъуэным и фэеплъым сыхуэпэжу, махуэ къэс зызыхуэжи Гъащ1эм хэбакъуэ щIэблэм си Iэр хуэсшиинущ, зэгуэр Башир зэрищIам ещхьу. Ди пIэ иувэнухэм, си къару мащIэм кьызэрихькIэ, естыжьыфынущ си Егъэджакъуэм и щIыхуэу къыстенар. Апхуэдэ цIыху щыпкъэм фIыщIэ зэрагъэупщIыфынури а щIыкIэуэ къыщIэкIынщ.

ГЪУТ Iэдэм, *филологие щIэныгъэхэм я доктор, профессор.*



Сэмэгумкlэ къыщыщIэдзауэ: **Къардэн Къубатий, Бэрбэч Хьэтlуатlэ, Къардэн Башир сымэ**. *1964 гъэ*

Башир, и щхьэгъусэ Блалэ, Щоджэнцlыкlу Iэдэм. *1984 гъэ*

Латин Америкэм щыщ балетмейстер бзылъхугъэр, Щоджэнцlыкlу Iэдэм, Эсамбаев Мэхьмуд, Башир сымэ Кисловодск щызэрихьэлIащ. *1984 гъэ*

Унагъуэкlэ зэныбжьэгъуэху Къардэнхэрэ Ирыгъэхэр. *1956 гъэ*

НапэкIуэцIыр зыгъэхьэзырар **ИСТЭПАН Залинщ**.

Зыгъэпсэхугъуэ махуэм

Малъхъэдис

● Псалъэ пэжхэр

ЦІыху ныбжьым хохъуэ, цІыху гъащІэм хощІ

♦Сабий джэгукІэ зымыщІэм гъащІэр зищІысыр къыгурыІуэнукъым.
♦Гъуанэдэууэ къоуэри гъуанэдэплъу къоплъакІуэри цІыхугъэ зыбгъэдэмылъыжщ.
♦КІыщІыщхъумрэ къыпфІэщІымрэ Іуэху тумыщІыхь.
♦Благъэжьым и пащхьэм благъэщІэр щымыгъэпІий.
♦Дунейм ехьжам и цІэр фІыкІэ жаІэрейми, ар иджыри псэу пэлъытэщ.
♦Укъэзыухъуреихь цІыхухэр фІыуэ пхуэмылъагъумэ, дунейм и Іофіагъэр сыткІэ зыхэпщІэн.
♦Зыхуэмыфащэм хуэпщІа Іуэхутхьэбзэр зэи къыпхигъэгъунукъым.
♦НапитІ зиІэм и етІуанэ напэр къыщІигъэща нэужь, сыту лъагъуГъуеиІуэ.
♦ЖэнэтІыр зи унапІэр адэ-анэм я псалъэр тІэу жыІэ зымыщІырщ.
♦ЦІыхуитІ зэщыхьам я къуаншагъэ-захуагъэр зэхэбгъэкІын щхьэкІэ ещанэми ухуейщ.
♦Бэдж здэщыІэм бэджьыхьи щыІэщи, бзаджэнаджэ здэщыІэм бэлыхьи щыкъэдщ.
♦Дунейр дахащэу зэхэлъщ, ауэ цІыхухэр хуеямэ, ар нэхъ дахэж яхуэщІынут.
♦Быгум иплъхьа хьэлъэр хуэгупхэмэ, гум щІэроІэ, хуэгуплІэмэ, ныщхьэм йоІэ.
♦ЦІыху ныбжьым хохъуэ, цІыху гъащІэм хощІ.
♦ИмыщІэр къэзылъхьхъуэурэ гъащІэм кІуэцІрыкІращ щІэныгъэм зи насып хэлъыр.
♦Нэхъыжьыр жьантІэм бгъэтІысамэ, и нэмысыр хъумэ ар щысыху.

КІУРАШЫН Алий.
ХьэтІохъущыкъуей къуажэ.

● Іуэтэж

ЛІымрэ фызымрэ

ЗэлІэзфыз къуажэкІэм дэст.
– Мэз укІуэрэ зы пхъэгу къапшэркъэ, – жриІащ фызым и щхьэгъуэсэм. – Пхъэгъэсын диІэжкъым.
Быгур зэщІищІэри, лІыр мэз кІуащ. Пшапэр зэхэзауэ къыдыхьэжащ, пхъэ къимышауэ.
- Пхъэ къэпшакъымИ-тІэ, – игъэщІэгъащ фызым.
- Мэз бжэн срихьэлІати, къыкІэлъыджыхьурэ махуэр сфІэкІуащ, - жиІащ лІым.
- «Джэц-джэц-джэц!» жыпІэрэ уедэхэщІатэмэ, уи ужь къиувэнурэ къыпкІэлъыкІуэнут бжэнер, - жиІащ фызым.
- Пщэдей тезгъэзэнщи, седэхэщІэнщ, - жери, етІуанэ махуэм тригъэзащ лІым. Бжэм еджэурэ мэзым здыщІэтым, лІыр бжьэ матэ ирихьэлІащ. «Джэц-джэц!» жери бжьэ матэм еджащ лІыр, арщхьэкІэ матэр и пІэ къикІакъым.
- Уэзрегуакіуэщ, – жери лІыр мэзым къыщІэкІыжащ.
- Бжэныр къэпхуакъыми? – къыпежьащ фызыр.
- Бжэныр згъэтыжакъым. Бжьэ матэ срихьэлІати, седжа щхьэкІэ, си ужь къиувакъым, – жиІащ лІым.
– Бжьэ матэм еджэ хабзэ? Матэр уи дамэм тебгъэувэнти, къэпхьынт.
- Къэсхьынщ, – жери лІым тригъэзащ. Бжьэ матэм лъыхъуэри, игъэтыжакъым. Щимыгъэтыжым, Іэнэщ1у къигъэзэжащ.
– Бжьэр къэпщІа хъунти, матэр ирахьэжэри, ежьэжащ, – жиІащ лІым.
«Мыпхуэдизи зи делагъ лІым афІэкІа сыдэпсэункъым», – жери фызым и хьэпшыпыр пхъуантэм дилъхьащ, нэху щымэ, и фыщым кІуэжьн мурад ищІати. Фызым мурад мыгъуэ зэрищІам гу лъитэри, лІыр нэху мыщ щыкІэ пхъуантэм дэтІысхьащ. Пхъуантэр гум игъэуэзэри, фызыр гъэгу техьащ. И дыщым щынэблагъэжьым, фызыр къэгуфІащ:
- Тхъэм и шыкурщ, лІы делэр си натІэм икІащ, - жери.
- ИкІакъым, тІасэ! - жиІащ лІым, пхъуантэм къыдэпщыжри. - Уи дыщым дыкъыщихьэщІэнщи, ди унэ дихьэжынщ.

КЪЭРМОКЪУЭ Хьэмид.

● Ди сурэт гъэтІылъыгъэхэр

ЩІыуэпсыр поплъэ и паркэм цІыхухэр из щыхъужьынум.

● Шхыныгъуэхэр

Кхъуей

Ар шатэ зытеха шэми зытрамыхами кІыхьащІыкІ.

Гъэшыр яз, градус 35-40 хъуху ягъэхуабэ, пхъэ бжэмышхкІэ лъатэпс хакІэри, псынщІэу зэІащІэ, и щхьэр трапІэри, дакъикъи 5-7-кІэ щагъэт. ЗэрыпщІэу кхъуейр щІотІыскІри, шэжыпсыр и щхьэм къыдокІуей. Кхъуейр хъурейуэ, си 2 и Іуварэшу Іэгукіэ кхъыхакъузыкІ, тепщэч пІащІэм иралъхьэ, лъэныкъуитІымкІи шыгъу пхъашэ щаухэри, дакъикъэ 15-20-кІэ игъэдий. Іупщ1э-Іупщ1эу зэпаупщІ, аргуэру шыгъу траудэри, абдж тепщэчым иралъхьэ, щыдийм къыщІэжа шэжьпсыр щІакІэж. Апхуэдэурэ хаха кхъуейр, банкІым из ящІри, бжьыныху укъэбза халъхьэж. Литрипщ1 зэрыкуя банкІым бжьыныху хьэдзэу 10-15 халъхьэ. ИтІанэ и щхьэр гъэбыдауэ щІыІапІэм щагъэжь.

Кхъуейр чейм е кІэструлышхуэм илъуи ягъэув. Ар зэрыхахыу зэпаупщІ, чейм иралъхьэри, шыгъу траКІутэ, апхуэдэурэ и бгым кхыфІагъэкІ, и щІыІум бинт трапхъуэри, пхъэ къабзэ тралъхьэ, абы мывэ къабзэ тралъхьэ. Арыншамэ, кхъуейр къыдэкІуеинурэ кунэф хъунущ. Кхъуейр из ящІа нэужь и щхьэр бинт тІуащІэкІэ щхьэщапхыкІыжк. Абы щэжьпс щІакІэжьыгкъым - къыщІожьир ирокъу. И щхьэфэм трищІэр зы тхьэмахуэ-тхьэмахуитІым зэ къытрах. Абы щыгъуэ бинтри, мывэри, пхъэри псы щІыІэкІэ ятхьэщІри тралъхьэж. Бжьыныху халъхьэми хъунущ. Шэжьпс кхъыщІэжам кхъуейр щІимыгъанэмэ, шэжьпс щІыІэ шыуа щІэкІэ. И щхьэм телъыр хьэлъэІуэмэ, кхъуейр быдэІуи ГъущІ мэхъу.

ШэжьпсымкІэ мырамыси, чыржыни, мэжаджи япщ, бжьын ГъэцІыни, лэхъуми, цІывыни, хьэлІами ирипщІ хъунущ. Кхъуейм пшхар фбыуэ егъэткІу.

КЪУБАТИЙ Борис.

● Гупсысэр - псалъэкІэ

Іэмал зимыІэр

ЦІыхур дунейм къытохьэри токІыж, и лъэужь къонэри. Сабий къалъхуар дахэщ, хьэлэлыщэщ, хьэрэмагъ лъэпкъ игу къэмыкІыу, зыщумыгъэнщІу, удихьэхыу. Дахэщ абы щыгъуэ дэтхэнэри, псэ къабзащэщ, дагъуэ лъэпкъ имыІэу. ЦІыхум и хьэлым зеужь, зэрагъасэ елъытауэ. Хэти нэпсейщ, дуней псор Іэщ1ел1ъхьами, и гум зымыгъэнщІыну, хэти дыгъуакІуэщ, къыпэщІэхуэ блэмыкІыну, хэти гущІэгъунышэщ, щысхь имыщІэу, хэти хьэлэлщ, иІэр къуитыну, хэти хьэзырщ дэхуэхам дэІэпыкъуну.

Ерыщ щыІэщ, цІыхум я сэбэн зэрихуэу, делэ ерыщ щыІэщ, букІами, и мурадым темыкІыну. Куэд мэхъу цІыхум хьэл зэхуэмыдэу яІэр. Псори дунейм тетщ я псэуКІэкІэ, ауэ и псэуКІэм теухуауэ дэтхэнэ зыми кхыбжэнэур зыщ - гъащІэр зэрыбгъакІуэщ. Іэмал зимыІэр зыщ - цІыхум игъасэр езым ещхь зэрыхьужырщ.

Іуэху еплъыкІэ

Уэ уфІэмыхьэнэншэм, гу зылъымытхэм нэгъуэщІым мыхьэнэшхуэ кхрихьнкІэ мэхъу, ар фІэегъэлея Іуэхуу, арыншауэ езыр псэуа мыхъуну. Ауэ уэ фІыуэ зыплъытэжьи щхьэкІэ жыпІэ псалъэмрэ блэжь Іуэхумрэ егупсысыжьыр убгъуауэ, нэгъуэщІ щІыхум и пІэ иуви. ЗэрымыщІэкІэ пІэщІэкІа щыуагъэр кхыбдагъуэжьнкъым.

НЭХУЩ Хьэжпагуэ.

● Дэ къытхуатх

ДызэпэкІуэжащ

(ГушыІэ)

КІуэ апхуэдэ дыдэу цІыхум епщІэ хъун, Тхъэм щхьэкІэ, хьэдэгъуэдахэкъэ? Іейуэ къысхурикъуат ар.

Си давленэр 250-м фІихури, сымаджэщым мазитІкІэ сыщІэльат. А зэманым РЭС-м и контролер гуэр къакІуэри, зыри дыкъыщимыгъуэтым, счётчикым емыплъу, хуэгъэфащауэ зыхуейр итхри кІуэжащ. СыкъэкІуэжа иужькІэ тхьылымпІэ къысхурагъэхьащ, мазитІми счётчикыр лэжьауэ иту. Си жыпыр зыунэщІахэм си бампІэр ятескъутэн си гугъэу а Іуэхущ1апІэм сыкІуа щхьэкІэ, дэнэт - сыкърагъэкІуэтащ.

- Мыр дауэ, сымаджэщым сыщІэльати, мазитІкІэ уэздыгъэр згъэблакъым, счётчикым итар мыращ, адрейр дэнэ къифха?- жысІэри, бжыгъэ стхауэ щытар зэрыт тхьылымпІэр компьютерым бгъэдэс цІыхубз цІыкІум и пащхьэ ислъхьащ.

- Алыхь а къомыр сэ сымыщІэ, къызатам теухуауэ стхащ, зыхуэгъаззэ фи контролерми, зэхэгъэгъэкІ, - жзуап къызитащ, зи гугъу сщІым и Іуэху хэмылъыхэм хуэдэу.

- Начальникым отчёт ищІыну гузавэрти, зыгуэр сымытхьу хъуакъым, - жиІащ зытха контролёрым. - Арыншамэ, шефым мыхьыр сигъэхьынут, Тхъэм щхьэкІэ зыми зыри жумыІэ.

Сыт сщІэнт, сыкъэкІуэжащ, начальникым жесІэмэ, контролёрыр бэлыхь зэрыхэхуэнур, лэжьаІапІэншэ зэрыхьунур къызгурыІуэри.

Арами, махуэ гуэрым, хьэгъэщагъэу щыІэм хуэІззэ си ныбжьэгъу ХьэпІотІ бзаджэжьым сыкъигъэгубжащ Іуэхур щыхуэсІуэтам: «Уэлэхьи, уэ сыпхуэдэмэ, езмыгъэшхьи, уэ унэхъ делэ хьэмэ унэхъ кІуелей», - жиІэри.

- Къилэжьар схуетыркъым, къимылэжьар естын хуей? - жысІащ сэри. - Сыт сщІэнур, сыт си Іэмал?

- Пщ1энур умыщІэу ара? Еуи къаФІэхьыж, - жеІэ и фІэщу си ныбжьэгъум.

- Іэу-у-у, дауэ къаззэрыфІэсхьыжынур, апхуэдэ хэкІыпІэ гуэр щыІэ? - жызоІэ, зэхэсхар гъэщІэгъэун сщыхъуауэ.

- Уа, дэнэ уэ ущалъхуар, ауэ сытми щыІэ. Еуи уи счётчикым и гущІыум малъхъэдис телъхьи, яхьам хуэдизыбзэ къэпхьыжьху тегъэлъ, - чэнджащэ къызитащ абы. - Ерыщ зэ сыпсэукІэ, арыншэмэ... Тегушхуэ, тегушхуэ, уэмыплъэу.

- Іэгъу, сэ дэнэ къизбгъэхыну малъхъэдис, - жысІащ зызгъэтхъэмыщІкІафэу, ар езыр къызэрыздэІэпыкъунум шэч къытезмыхьэу.

- Ирехьу апхуэдэу, сэ къыпхуэгъэтынщ, абы щхьэкІэ умыгузавэ, - сыкъигъэгугъащ си ныбжьэгъум.

СыкъигъэпщІакъым.

Зы махуэ гуэрым къэкІуащ шыщхьэ хуэдизу малъхъэдис иІыгъыу: «Телъхьэ мис мыр, си Іуэхущ а уи счётчикым лъэмбытІ иригъэчыим», - жиІэри.

Си жьыщхьэ сыукІытэрт, сфІэфІтэкъым сыдигъэзн, сышынэкъэрабгъэт, ауэ Іейуэ сыкъагъэгубжат, лей къызахати, срихьэжащ. Сеэрри, малъхъэдисыр счетчикым теслъхьэурэ згъэувыІэу щІэздзащ.

МахуитІ къудей дэкІаеу арат, зы пщэдджыжь гуэрым, щІымахуэ уаеу, а си «ныбжьэгъу» контролёрыр ди унэ къыщыкІуам.

- КъызэщІамкІэ уримыкъуауэ, сыт иджыри узыхуейр? - жысІэну си гум илъами, зысІыгъащ, скъуэлъыр сщІэжырти. Схуэмыхъуу щІалэм гуапэу сэлам есхри, езгъэблэгащ. Адэмодэ жьтІэм дыуэршэрурэ хадэм дынэсащ. Абдеж лажьэу ит си къуэшым ар уэршэрэгъу хуэхъуати (сэри сызыхуеихэр арат), зэуззэпсэу зыкъзэгъэбзэхащ. Зэ пкІэгъуэм сынэсащ, счётчикыр здыкІэрытыр жьжьэтэкъыми. Малъхъэдисыр къытеспхъуэтри, псынщІэу си кІагъэ жыпым издзащ. Лъэбакъуэ зыбжанэ хадэмкІэ счауэ, щІалэм къигъэззэкауэ сыхуоэзж.

- Уи ней къысщыхуэ иджы, ухуейми жэщ хъухукІэ еплъ счётчикым, контролёрыжь цІыкІу, - жызоІэ сигукІэ. Ар жысІа щхьэкІэ сигузавэу, зыспІытІ-зысхуэу, малъхъэдис домбейр сокъуэ сІэщІэкІын си гугъэу.

Псори нэщІэбжьэншэу зэфІэкІат, ауэ...

Си гур къигуфІыкІыу абы и ужь ситу згъэІэпхъуэжурэ куэбжэм дынэсащ. «Гъыргу» жиІэу хьэблэр къигъэпсалъэу макъышхуэ гуэр къэІури, гущІ куэбжэм зыгуэрым сыкІэрилІащ. Дунейр къыстекъутэ си гугъащ. ЗызоІуанТІэ-зызошантІэ сщІэнур къысхуэмыщІэу. СыкІэрилІа къудейтэмэ, сыдэкІуэтэнт. Малъхъэдисыр зэрысІыгъа си Іэр псэншэт, си дзажэнльэхэр зэрызэшэурт, си бэрэкІэр зи Іэпэ щІэуэ пшынэжьым хуэдэт. Диным зыри жумыІэ, малъхъэдисыр дэнэ си гум къыщыкІыжьынт. Іуэхур зытетыр къызгурыІуэжри, зэрэ-тІэурэ кІагъэм сыкъекъуащ, ауэ дэнэт...

- Алыхь-алыхь, уэлэхьи, мыхъуа си Іуэхур, - жысІэу сызыхуэпсэльэжурэ, щІалэм сабзэджэкІын си гугъэу бжэм зесшэкІащ.

- Сыт къыпщыщІар, ууфІыщІащ, уэлэхьи, зы бэлыхь уилажьэмэ, - жиІащ макъ шынагъуэр зыхэзыхыу къэзыгъэзэжа си «ныбжьэгъум».

Ар жиІэ щхьэкІэ, делагъэкІэ бжэм «Іэплі» зэрыхуэзмыщІыр къищІэнтэкъэ!

«Джатэм и щІагъ нанэ щыІэжкъым», - жысІэри, си лъакъуитІыр куэбжэм фІэгъэнауэ еуэ сыкъокъу, еуэ сыкъокъу... Зыри схуещІэркъым.

- Уэлэхьи, кьимыкІа уи Іуэхур, - жиІэу зэрыльэлъу мэдыхьэшх щІалэр.

-Ўэ-зы-зыз, танкым лъэмбытІиригъэчынкъым мы малъхъэдисым, дэни къыщыщІэпІукІа мы домбейр?

Сэ зыри зэхэзмыхьу, зыри сымыщІэжу кІагъэ кІапэм сыкъокъу, еуэ сыкъокъу...

Си «лэжьыгъэм» зыри къызэримыкІынур къыгурыІуащи, езыри къыздэлъхьуурэ, еуэ дыкъокъу, еуэ дыкъокъу... Хьэйркъым. Си щхьэгъуэсэ къыщІэкІари малъхъэбзат, ауэ абыи зыри къикІакъым. Дызоплъыхь: сэ согузавэ, согуІэ, контролёрыр зэроль1эль, фызыр мэхъущІэ, мэщатэ.

Пщ1энтІэпсэр еткъуэкІыу «дылажьэу» дызідэщытым, школым къикІыж щІалэ цІыкІум гу кхьытІытэри, къыдэщащ: «Ей, дадэ, кІагъэр щыхи зэфІэкІащ, щхьэ гугъу зебгъэхьрэ».

- Іэгъу, уэлэхьи, уэ унэхъ губзыгъэм дэ нэхъ-рэ, - жысІэри сигуфІащ, кІагъэр щысхри, малъхъэдисым сыкъыщІэщІэкІыжащ.

Си гугъащ контролёрым мыхьыр сигъэхьыну, ауэ и нэпсыр къельэльэжы дыхьэшхыу пщІанТІэм дэкІыжащ, «дызэпэкІуэжащ» жиІэри.

ИужькІэ унагъуэм щІэсхэр дызэхуэсри, къэна кІагъэр псэууэ малъхъэдисым къыІэщІэтхьи ди гугъэу денькъыэкъуат, ауэ дэнэт, кІэрагъэвам ярейт, зыри тхуеущІакъым. Щымыхъуэжьхъэм, дыкъекъум къыпыттхьыурэ Іыхьэ-Іыхьэу кІагъэр къыІэщІэтхьжащ.

ГъущІ куэбжэр егъэдахэри нобэми малъхъэдисыр кІэрыльэ. Уи фІэщ мыхьумэ, къакІуи еплъ.

КІагъэ щІэрыпс хэслъхьами сыдэкІуатэрт, бжэм къыкІэрына малъхъэдисым си ныбжьэгъум уасэу сом миних хуищІу симигъэпшыныжжатэмэ. Аращ, фейдэ уимыІэми, Іубиткіэр хьэзырщ щІыжалар.

КЪАРДЭН Мухьэмэд.

Псалъэзэблэдз



ЕкІуэкІыу: **3**. Совет Союзым и ЛІыхъужьхэу Мэсей Аслъэнджэрий, Кьардэн Хъэбард сымэ зэрыса гъущІ машинэ. **5**. ... гуащІэм чэф уещІ. **8**. Адыгэ генерал. **9**. Псым и лъэныкъуитІыр зэпызыщІэ. **11**. Пхъэхьм фІадзэ кумбыгъэ. **12**. Пхъэбгъум кьыхэнэ Іэпапіэхэр. **13**. Пасэрей зэрыпыджэ Іэщ1э. **14**. Егъэлеяуэ щыщІыІэ зэманым зэреджэ. **16**. Хадэхэкі. **18**. Къуалэбзу шырхэм я «гущэ». **21**. Пьэпщ и Іэмэпсымэ. **23**. Хэку зауэшхуэм и зэманым бийм и кхъухьлъатэу 62-рэ къезыдыха, Совет Союзым щэнейрэ и ЛІыхъужь ... Иван **24**. Анэжьилъху. **26**. ПьэпкъитІыр ... быдзкІэ зэпыщІащ. **27**. Гу кІуэм ... къыкІэреуд. **28**. Гуэргушхъум и бгъэм тег пшэрыпІэ. **29**. ... зэрыхьэ бей мэхъу. **31**. Псэущхьэ Іэл цІыкІу, лырышхэ. **36**. Зи кур нэщІ, купщІэ зэрымылъ. **38**. Гъавэр, шхыныр егъэлеяуэ цІыхубэм къащемэщІэкІ зэман. **39**. ЦІыху Іэсэлъасэ. **40**. УнэлъащІэм щыщ. **41**. Бжейм къыпыкІэ жьлэ: цІыхум яшх.

Кьехьу: **1**. Адыгэ хуажэшхуэ. **2**. Зи гур иудауэ къэхъуа цІыху. **4**. Къалэ-лІыхъужь. **5**. Фэ кІапсэшхуэр зэрызэхэлъ Іыхьэхэр. **6**. МэкъумэщІыщІэхэм гъатхэ ... лэжьыгъэхэр пасэу зэфІагъэкІащ. **7**. Іэщ цІыкІу. **10**. Бгырыпхыщхьэ. **14**. ... кьехам къэкІыгъэщІэхэр Іисраф ищІащ. **15**. Лэскэн районым щыщ куажэ. **16**. ... зыщІалъ ерыскъыр Іэфщ. **17**. ШкІэ мэжэлам и ... макъ къэІуащ. **19**. Іуэху мыублэ ... хэсщ. **20**. Фо нэхърэ ... нэхъ Іэфщ. **22**. Жьэрэжьэжу хьэкум илъщ. **25**. ПІастапхэ. **26**. Псы щІэщІымытыж, гъущэ хъуа пхъэщхьэмыщхьэ. **30**. Мэз псэущхьэ. **32**. МафІэс ин. **33**. Илъэс зыгІуи ит щыщІэ. **34**. Унагъуэ хуэлейм яхуэлажьэ цІыху. **35**. КІыщокъуэ Алим и уэсэ нэхъ цІэрыІуэхэм ящыщ. **36**. Дыгъэм идз къудамэ кІыхь. **37**. Ныкъуасынгъэ, сэкъат, щыщІэныгъэ, ...

Зэхэзылъхьар
МЫЗ Ахьмэдщ.

Накъыгъэм и 16-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

ЕкІуэкІыу: **1**. КІапсэ. **3**. Пшэплъ. **7**. ШхуэмылакІэ. **8**. Жьым. **10**. Хьет. **11**. Деж. **14**. Саут. **15**. Гъуэмб. **17**. ЛъэгущІэуэ. **18**. Пхъэщабэ. **23**. Къарэ. **24**. Къунан. **28**. Мел. **29**. Хъушэ. **30**. Лал. **33**. НакІэпсыжэ. **34**. Жьынду. **35**. Унагъуэ.

Кьехьу: **1**. КІэмажьэ. **2**. Сахуэ. **4**. ШыкІэ. **5**. Лъэджажэ. **6**. Жыгей. **9**. Мысэ. **11**. Даби. **12**. Сурэ. **13**. Хьэлу. **16**. ПщІащэ. **19**. Хьери. **20**. Банэ. **21**. Акъыл. **22**. Анэл. **25**. Емынэжь. **26**. Пшапэ. **27**. Блыщхьэ. **31**. Сауд. **32**. Бжэн.

Тхьэмадэ банэ

● Сабий джэгукІэхэр

Адыгэхэм нэхъыфІ дыдэу ялъагъуу щыта бэнэкІэщ. Къуажэ-къуажэкІэ, хьэблэ-хьэблэкІэ гуп хахрэ зэбэну щытащ. Ауэ щІалэ цІыкІухэм къызэрылэурэ, гупитІ защІу щызэбэнри нэхъыбэт.

Гупхэм хэтхэр щызэбэнкІэ нэхъыщІэ, нэхъ гуащІэмащІэ цІыкІухэмкІэ къыщІаддзэрт. А тІум зыр тридзамэ, а традзам и гупым щыщу къыкІэлъыкІуэр къыхэкІырти, а тезыдзам къебэнырт. Ари тридзэрэ – ещанэр къакІуэрт. А ещанэм мыдрейхэм я щІалэ цІыкІур къытридзамэ, абы я етІуанэр ебэнырт.

Апхуэдэурэ гупитІыр зобэн. Дэтхэнэ зыми и къалэнщ нэхъыбэ тридзэфмэ, тридзэну, и тхьэмадэр нэхъ мащІэм ебэныну къыхуигъэнэну. Къэхьурт къызэрыгуэкІ бэнакІуэм адрейхэм я тхьэмадэр тридзэу, езым и тхьэмадэр зэбэнын къэмынэхэу. А щІыкІэм тету традза тхьэмадэр, дауи, етІуанэ гъуэгу тхьэмадэу хахьжьыртэкъым. Псом хуэмыдэу жьлэ-жьлэу щызэбэнкІэ.

Къэхьурт тхьэмадитІыр зэрыщытемыгъакІуэ. Апхуэдэм дежи етІуанэ, ещанэ мазухэхэми пащэнкІэ хъунут е зэрытегъэзагъкъым, жаІэу щызэбгрыкІыжи щыІэт.

МАФІЭДЗ Сэрэбий.

Редактор нэхъыщхьэм и янэ къуэдзэ ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэ

Редколлегием хэтхэр:

ХьэфІыцІэ Мухьэмэд (редактор нэхъыщхьэ), **Жыласэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Кьаншокъуэ Эллэ** (жэуап зыхь секретарь), **Кьардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, Нэщэпыдж Замирэ, Чэрим Марианнэ, Щхьэщэмыщ1 Иэ.**

Езыгъэтхаэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ иратэхащ (учредителхэр).

КьыдзэгъэкІэжмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ ІуэхухэмкІэ - 42-22-86; къуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; хабзэхъумэ Іуэхущ1апІэхэм ядэлэжьэныбмкІэ - 42-60-53; узыншагъэр хъумэнымрэ экологиемкІэ - 42-22-89; егъэдэжныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; къыбарыщІэхэмкІэ - 42-22-88; здэщыкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іэнатіэм - 42-26-41; сурэтехым - 42-75-78.

Тедзэ тхьыгъэхэм къыщыхьа бжьыгъэхэм, къыщІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху еплъыкІэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъаззэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щыналъэ Іуэхущ1апІэм ПИ №ТУ07-00117-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокІ.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ. (12+)
357600, Ставрополь край, ЕсэнтІыкъ къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарь **Кьаншокъуэ Эллэ,** *редактору* **ЖьэкІэмыхъу Маринэ,** *корректорхэру* **Щхьэщэмыщ1 Иэ** *(4, 5, 6-нэ нап.),* **Нэужькъуэ Замирэ** *(1, 2, 3-нэ нап.). КомпьютеркІэ газетым и тепІэр ящІащ* **Дол Маринэ, Бещто Оксанэ, Мэлбахъуэ Анжелэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаниэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Іэнатіэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ тридзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр П 5894 ● Тираж 2.110 ● Заказ №985